

Chiiko Chinokwezva Meso PaGomo?

Jeffersonville, Indiana USA
65-0725E

1 Ngatikotamisei misoro yedu zvino. Mwari, Baba, ndiwo munamoto unekurevesa watinawo manheru ano, tichiona zvose izvo Murikuitira vanhu muzuva ranhasi. Uyewo tinoKukumbirai, Ishe, dai tatenda chete, kungozvitenda kuti Ndicho Chokwadi, Shoko Rakanyorwa Richiratidzwa kwatiri. Ngazviitwe zvinhu izvi, Baba.

Zvino manheru ano tinoda kuKutendai Imi ne-neChiedza chaMatikandira pamaGwaro mangwanai anhasi. Uyewo tinonamata manheru ano, Ishe, mumutsara uyu wokunamatirwa, kuti Imi Mugoervisimbisa kuti Shoko Renyu Ichokwadi.

Tinonamatira makereka edu ose uye neungano dzaunganira mi-mi-michina yokutura nayo kunze kwose uko, kubva muno, kundobata Nharaunda dzeMavirira, tichikwidza makomo eArizona, nokudzika zasi mumapani eTexas, kundobata Nharaunda dzeMabvazuva, kubata nyika yose, Ishe, uko kwavaungana. Zviringa zuva zviine mitsauko mikuru pakuverengwa kwazvo, tiri munguva imwe, asi, Ishe, tiri pamwechete manheru ano sechinhu chimwechete, vatendi, takamirira Kuuya KwaMesiya. Tinonamata, Baba VeDenga, kuti MugoMutumira nokukasira kuitira Kereke Yenyu. Nekuti tinozvikumbara MuZita Rake. Amen.

2 Mungagara henyu pasi.

Kwaziso dzouKristu kwamuri mose muri pano manheru ano. Ndine hurombo tichiri takamanikidzana uye tizere muno mukuti tinoshaiwa kufema zvakanaka. Kunyangwe zviridzi zvemhepo, kunyangwe zvazvo muno zvirikufuridza, hazvisi kuunza mutsauko, vanhu vakawandisa. Dai vanhu vari muno vaiva vamazuva ose vanopindira pakereke imwe, zviridzi zvemhepo izvi zvaizo kuomesai nechando. Asi ikozvino munhu wose ane chifedzo, achifedza, uye zviridzi zvemhepo zvirikufuridza nekukwanisa kwose.

Tinotumira kwaziso kubva Nharaunda dzeMabvazuva dzichienda Nharaunda dzeMavirira, kushamwari dzedu dzose munaKristu, varikuteerera. Tinotumira kwaziso ikoko kuSan Jose, Hama Borders, neboka kumusoro ikoko. Tinotumira kwaziso kumusoro kumakomo uko, kuPrescott, Arizona, kuneHama Leo Mercier pamwechete neboka ravo kumusoro ikoko vakamirira Kuuya KwaShe. Tinotumira kwaziso kune vari kuTucson, vakaungana manheru ano, vakamirira Kuuya KwaShe. Zasi kupinda kuHouston, Texas, kune ivavo vakamirira Kuuya KwaShe. Kumusoro kuNharaunda dzeMabvazuva, New York pamwechete neConnecticut, uye namapoka ari kumusoro ikoko, akamirira Kuuya KwaShe. Hatina nzvimbo pano yokuvaisa, saka tinovatumira Shoko kuburikidza ne-nenzira yenhare. Tinotumira kwaziso kuneHama Junior Jackson manheru ano, pamwechete neboka ravo zasi kuClarksville. Hama Ruddell, kumusoro ku62, pamwechete neboka ravo, vakamirira Kuuya Kwashe. Uyewo takaungana pamwechete pano pakereke yatakabva, patebhanakeri, takamirira Kuuya KwaShe.

3 Uyewo zvino, vazhinji venyu munogona kunge manga musipo pashumiro yamangwanai anhasi. Asi ndinotenda kuti munhu wose, anga asipo, achawana tepi, nekuti ndinotenda kuti yanga iri Mharidzo yakanangisa zvachose kukereke kubva pa-paMharidzo yemaDzichangamire, Dzava Nguvai? Ndzanzwa Chizoro ChaMweya, ndokunzwa kutungamirirwa kuti nditaure zvandaita. Yanga yakareba, asi ndanzwa kutungamirirwa kuti ndidaro. Uyewo ndinofunga kuti Ishe, kuburikidza NeShoko Rake, Azviratidza kuti inguva ipi yatiri kurarama. Uye nokuva nechokwadi kuti tanzwisisa zvakananzika izvi zvirikuitika. Munoziva, Bhaibheri Rakati, "Vakachenjera vachanzwisisa."

Asi ndudzi pamwechete navanhu zvichavandudzika "muhutera uye muuchenjeri." Imbozvifunga, zera rinoguma hupenyu rakahwerengedzwa remuAmerican izera rapakati nepakati, angava makore makumi maviri okuberekwa, hutera huzhinji nouchenjeri huzhinji. Vakanga vasina ndege kare 'ko, uye-uye nezvombo zveatomu, asi kare 'ko vairarama hupenyu hurefu. Isu tiri kuwedzera kuva nohuteru nouchenjeri, uyewo huchenjeri hwedu huchatiparadza. Tichazviparadza pachedu. Mwari HaAzotiparadzi; huchenjeri hwedu ndihwo huchatiparadza. Zvakagara zvakadaro, uye ndizvo zvazvichava zvakare.

4 Zvino, Ishe achitendera, neSvondo mangwanani inotevera, ndisati ndaziva hangu kuti ndichataurei, asi ndinovimba kuti Ishe, kana Iye Atitendera kurarama uye pasina chaitika, uyewo kuri kuda Kwake, tinechinangwa chokutaura 'zve imwe Mharidzo neSvondo mangwanani inotevera, tonamatira varwere Svondo manheru inotevera. Kana zvadaro ndinofanira kudzokera kumba kuArizona, kudzokera nemhuri kuitira kuti vana vaende kuchikoro. Zvino imi meringe... Tichakuzivisai, sokukwanisa kwatingava nako, pamusoro pemisangano pairi kuswedera pedo, kana kuti nguva dzacho dzatinofanira ku... nzvimbo dzacho dzatinotarisa kunge tiri. Saka, Mwari Akuropafadzei mose.

Zvino manheru ano, ndichiziva kuti tatova... Ndanonoka namaminitsi gumi namashanu, pakutanga kwazvo, kwasara maminitisi gumi nemashanu kubata nguva dzesere kuno kuJeffersonville; uye kungangova kwasara maminitisi gumi nemashanu kubata nguva dzenomwe kuNharaunda dzeKumabvazuva, uye dzava nguva dzeshanu kuNharaunda dzeMavirira. Saka kuno zuva richangoda kuvira zasi kuno. Zvino ndinoda kutaura kwamuri kweshumiro duku, tichizama kuwana Chizoro ChaMweya,

uye tozodana mutsara wokunamatirwa.

5 Uyewo ndinoda kuti ungoro iri pano, pamwechete neungano dzaungana kune dzimwe nzvimbo, muwane mumwe munhu, imwe hama yakazodzwa NoMweya; uye patinotanga kunamatira varwere, agozoenda oturika maoko pane avo vari muungano yenyu. Murangarire, Mwari Ari kwose-kwose; Iye ariko kwose zvako. Saka, zasi kuTexas, mhiri kuCarlifonia, kumusoro kuArizona, kwose kwamuri, turikai maoko pavarwere ivavo patinotanga kunamatira varwere. Ndine chokwadi chokuti Mwari Achanzwa uye Opindura munamoto.

Chishamiso, husiku hweSvondo yapfuura, ipapo chizoro chichienderera mberi, uye Mweya Mutsvene... Chaiva chishamiso. Ndakanga ndisina kumbova ne-nemutsara wekunzverwa kwehana mumwedzi nemwedzi, kubva zvandiva kuno nguva yapfuura. Uyewo kuzokwidza ipapo pasi pevimbiso... Iwe unenge usingatozivi kuti Iye Achazviita. Haugoni kuti Achazviita. Unongofanira kukwidza ipapo uye womirira. Iye Anozvitongerera. Iye Anoita zvaAnoda Iye. Asi womira ipapo uye womirira kuti Achaitei, ipapo wozoChinzwa ChoUya nemaury saizvozvo.

6 Uyewo pakuguma kwe-kwemusangano, ndisina kunge ndaziva kuti anga ari ani, asi hezvo aiva ipapo uyu-uyu murume pane imwe nzvimbo mumutsara aiva murefu, uye nemhanza, uye aiva murwere kwazvo.

Uyewo kwokupedzesera chaiko, pakava nomurume akauya papuratifomu, uye akarereka pasi musoro wake, uye zvairatidza kuti aitambudzika, akazvibata padumbu rake. Uye ndakafunga kuti anofanira kuva murume uya wokutanga kana kuti wepiri, kana wechingani zvake wandakanamatira, nekuti aiva nemhanza uye akarereka musoro pasi; murume womhumhu mukuru, akakotama. Asi ndakatairira kwose kwose uye ndokumuwana murume uyu agere mukati umo, asi akanga achifara. Ndakafunga, "Zviri papiko izvi?" Handina kugona kusarudza kuti kwaiva kupi. Ndaizvinzwa mandiri uye ndichiona murume uyu mberi kwangu

Ndakanzwa zvichikwevera nekuku, uye zvichibva kumashure. Ndakatarisa Hama Neville pamwechete nevaviri ava vagere kuno, vaisava ivo. Ndakati, "Murume ari mukati menzvimbo yokubhabhatidzira seri uko." Uye munozviziva kuti aiva ani here? Hama Shepherd. Chikonzero ndisina kugona kuvaziva, vakanga vagere kumashure uko vakakotamisa musoro, vachinamata.

Vaifunga kuti avizofa, vakazvifunga kwezvivihi zvisoma. Mudzimai wavo akavaudza kuti vatsvage shangu itsva, uye ivo ndokuti, "Handingadzidi. Handizogari pano kwenguva yakareba kudaro."

7 Uye vakasangana neni rimwe zuva mu... kumusoro uku muchivanze, cheHama Wood, vachidanidzira uye vachirumbidza Mwari. Ndokuti, "Ndava kudya bhekoni, mazai, matimati, chipi nechipi zvacho chandinoda."

Uyewo mukuzvininipa ndokupa mumwe chigaro chavo, nokuzoenda seri uko kusingaoneki, uye vachinamata. Maona? Haudi kuva nekhadhi rokunamatirwa, unoda kutenda bedzi. Maona? Zvino, handina kuziva kuti vapodzwa here kana kwete, ini ndakangoti, "Mu-murume, ari kunamata, pane chisina kumira zvakanaka." Ndinofunga kuti Chakadanidza dambudziko, "Dambudziko romudumbu, uye ari kunamata seri uku. ishe Jesu Akupodze." Zvino, ndizvo zvoga zvandakaziva. Chakakwevera kunamata kwavaiita. Ndakazviona, asi zvinozoitika handizivi. Maona?

Asi pauno Chinzwa Chodzoka, munhu wose anozviziva, ipapo paChinoti, "ZVANZI NAJEHOVHA," maona, handisini ndinenge ndotaura ipapo; Ndiye Iye.

8 Asi ndinogara ndichiti, "Jesu Kristu Akupodza," ndicho Chokwadi Chaicho. "Iye Akakuvadzirwa kutadza kwedu, nemavanga Ake takapodzwa." Maona? Maona?

Asi paChinouya, "ZVANZI NAJEHOVHA," uyewo Chokuudza zvokuita uyewo nezvichaitika, uzvitarire izvozvo, zvichava saizvozvo.

Asi ini pandinoti, "Jesu Kristu Anokupodza uye Akupodze," iwe zvitende, nekuti Akazvitaure kare. Ndiri kungodzokorora zvaAkataura.

Uyewo chiratidzo kudzokororwa kwezvaAkaritidza. Manzwisisa?

9 Zvino ngatikurumidzei uye tipinde MuShoko, nekuti ndinoziva kuti vazhinji venyu vari pano, mune mamaera marefu okuzofamba manheru ano. Ndinonamata kuti Mwari Akuropafadzei, Akubatsirei uye Akuchengetei mumigwaga. Uyewo zvino ndinoshuva kuzarura kuna Mateo, chitsauko 21, uye ndima 1 kusvika 11, muna Mateo. Uye, zvino, kana usina Bhaibheri rako pano, kana kuti uchida kunyora pasi maGwaro Aya, zvakanaka.

10 Uyewo kwamuri imi zvino vasina kunzwa Mharidzo mangwanai anhasi, uye uine tepi rhekodhi; hatikumbiri, hatitengesesi matepi. Hatikumbiri, kana kutengesesi chipi nechipi. Dzimwe nguva mumusangano mukuru vanozivisa kuti vane mamwe mabhuku seri uko; hatina choviri chatinowana kubva paari. Hama Vayle ndivo vanonyora. Matepi, murume anoita basa ramatepi anokuudza, hatina mari youviri yatinoita

namatepi. Hatidaro... Haasi "matepi"; asi iMharidzo. Zvino kana munhu akazviisa mupfungwa dzake kuti yava mari, haafaniri kuzogadzira matepi 'zve. Ndizvozvo chaizvo. Ndaibvunza pamusoro pazvo, ndinofunga kuti matepi edu anotengeswa kweangava, pasi pamadzora mashanu, kana zvakadaro, kubva pamatatu kusvika mashanu, kana zvakadaro. Mati kudini? Matatu; kana mana, pamakuru, matepi akareba.

Zvino umwe mushumiri, ndakabvunza imwe yamatepi ake, uye yaiita madhora mapfumbamwe, yakareba maminiti makumi maviri kana makumi matatu, emharidzo.

11 Saka ndinoona kuti Hama Sothman vedu seri uko havasi kupfumiswa, nawo, matepi aya avari-avari kubudisa kunze uko. Maona, vanowana yakafanira kuti vaenderere mberi. Hatigoni kuti vatiitire pasina mubhadharo, nekuti vanofanira kuzotenga tepi dzacho uye nezvimwe zvole. Uye muchina wacho unodhura zvikuru, unokosha madhora zviuru gumi kuti uve unogadzira matepi iwawa, pakutamga kwazvo.

Zvino, ndinonzwisisa kuti manje-manje handi... handisati ndazvizivisa. Asi kune kunzwikwa kwetepi zvakare. Nguva nenguva tino... vabati vehomwe, handina chekuita nazvo zvachose. Handisati ndambo... kana kamwechete kumbova pamisangano iyi. Hazvina kumbova-kumbova zvakagamuchirika kana kwete. Ivo vanounza mafungiro avo; uye vosarudza kuti ndiani achatevera kugadzira matepi, uye vanozomutumira tsamba. Ndizvo zvoga zvandinoziva pazviri. Ivo vanofambisa nyaya iyoyo, nekuti handisi kutokwanisa kukumikidza vacheche ko kuzoti kutarira zvamatepi, saka, kana kubhabhatidza.

12 Saka pfungwa yangu ndakaisa paMharidzo iyi, ndiko Kudhonzwa Kwetatu, uye ndiyo yandinofanira kutendeka kwairi uye kuremekedza.

Mateo 21:1 kusvika pa 11. Ndataura izvi kuti mukwanise kutarisira...kana kuti kuzarura Gwaro racho.

Vakati vachi...Vakati vachiswadera Jerusarema, vakasvika Bhetifaji, paGomo Orivhi,...Jesu akatuma vadzidzi vaviri,

Akati kwavari, Endai mumusha wakatarisana nemi,
pakarepo muchawana mbongoro yakasungirirwa,
newana wayo: mudzisunungure, muuye nadzo
kwandiri.

Kana ani nani akataura chinhu kwamuri, muti, Ishe
anodzida; pakarepo uchadzituma.

Izvozvo zvole zvakaitwa, kuti zvakataurwa
nomuporofita zviitike, paakati,

Udzai vanasikana veZioni, Tarirai, Mambo wenyu
anouya kwamuri, Ari munyoro,...akatasva mbongoro,
nemwana wayo chipfuwo chinokweva.

Vadzidzi vakaenda, vakaita sezvavakarairwa naJesu,
Vakauya ne—nembongoro, nemwana wayo, vakaisa nguwo
dzavo pamusoro padzo, vakamugadzikapo.

Vazhinji pakati pavanhu vakawarira nguwo dzavo
munzira; vamwe vakatema matavi emiti, vakawarira
munzira.

Vanhu vazhinji vakanga vakamutungamirira,
navakanga vachitevera, vakadanidzira, vachiti, Hosana
kuMwanakomana waDhavhidi: Ngaakudzwe Iye
anouya muzita raShe; Hosana kumusoro-soro.

Wakati apinda Jerusarema, guta rose rikapesaniswa,
vanhu vakati, Uyu ndianiko?

Vanhu vazhinji vakati, NdiJesu muporofita

weNazereta reGareriya.

Zvino kana ndikatora chidzidzo kubva apa, kwemamitsi makumi matatu tisati tavamba mutsara wokunamatirwa, ndinoda kutora izvi sechidzidzo: Chiiko Chinokwezva Meso PaGomo?

13 Zvino, raifanira kuve raiva zuva rinonetesa kwazvo, rinovhundutsa-vhundutsa, uye raiva zuva rakasiyana namamwe. Tinoona Jesu Achikwidza Jerusarema, Agadzirira kuenda kupasika. Uye pasika ndipo gwayana repasika raiurawa., uye ropa rosaswa pachigaro chenyasha kuitira ku-kuyanansirwa kwekwevanhu. Uyewo Akanga Akwidza kubva Bhetifeji uye Akwira pamusoro peGomo reOrivhi, rinotarisanana nakamwe kakomo kakanga kakavakirwa Jerusarema. Uye paAkatarira sokudaro, uye Achiziva kuti uku ndiko kwiva kushanya Kwake kwokupedzesera.

Iyi ndiyo nguva yaAkange Oiswa zvino mumaoko avanhu vechivi uye vaizo Muuraya. Aizofa norufu rwakaipisa kwazvo rwusati rwambofiwa nomunhu, uye Ovigwa. Aizomukirwa neve Kwake, vamwe vacho vaive vamire ipapo Naye. Uyewo Iye, SaMwari, Aiziva zvaiva mumoyo yavo, uye Aizviziva kubva kwokutanga aizoMumukira. Uye Aiziva kuti munhu uyu aiva pamwechete Naye aigara parutivi Rwake uye achiMuverenga mari, uye nezvimwe zvose, Aiziva munhu uyo aizoMumukira. Uye Akaziva kuti chinjikano yechiRhoma yaiva yakaMumirira kunze uko. Iye Aiziva kuti mvura yomutumbi Wake uye neRopa romutumbi Wake zvaizopatsanurana, uye kuti Ropa raizodona kubva pamhanza Yake, madonhwe makuru kwazvo akaita sedikita. Iye Aiziva zvose zvaiva mberi Kwake. Uyewo Akanga Amira pagomo, Akatarira mhiri Jerusarema.

14 Vanhu vezuva iroro, vava... muzuva iroro vavaidana kuti, "boka ravanhu vanonamata zvirinane," vaiMuvenga. Makereke ezuva iroro aiMuvenga nokuMushora, uye vaishora vose vaiMuteerera. Uye vaiti ani naani anoenda uye nokupinda misangano Yake, aidzingwa zvachose kubva mukuyanana kwekereke. Cikonzero Gwaro Rakati, " Iye Akauya kune veKwake, uye veKwake havana kuMugamuchira." Ivo vava vaifanira kunge vakaMuda, ivo vava vaifanira kunge vakamira Naye, ndivo vaiva mhandu Dzake, mhandu Dzake dzokupedzesera.

15 Uye Iye Aiva nakaboka Kake kaduku kaiva nechitsama chavarombo, varedzi vehove, vateresi, vasina kudzidza. Bhaibheri Rakati vamwe vavo vakanga "vasina chavanoziva, vasina kudzidza." Vamwe vacho vaisagona kunyora mazita avo. HaAna kumbobvira aenda kumakereke kundowana vanhu Vake.

Uye Iye haAna kumbobvira Awirirana kana noumwechete wavatungamiriri vamakereke. Uyewo, pamusoro pazvo, Akatevedza muitire womuporofita. Iye Akapomera kuita kwavo kwose, sezvakangoita vakaMutangira; nekuti vaiva chikamu Cheshoko, uye Iye Aiva Shoko muhuzaro Hwaro.

16 Asi pakati pazvo zvose, muzera roga-roga kana mumuporofita woga-woga akavako kana anozovako, kuchava nechitsama chavanhu vakafanotemerwa kuti vagonzwa Mharidzo iyoyo, uye vanozoitevera. Ava havanei mhomho. Havanei nokushoropodza kweasingatendi. Ivo-ivo havana gakava navo. Vane chimwechete chokuita, ndiko kutenda uye vitora kose kavangakwanisa, voita kuti Chisinine mukati saMaria akagara patsoka dzaJesu.

Uye Marita achiMugadzirira kudya Kwake kwamanheru, uye Jesu Akati kwaari, "Asi, Marita, unobatikana zvizhinji nezvinhu zvhupenyu huno, asi Mariya akatsvaga zvinhu zvirinane," maona, zvinhu zvoHupenyu Husingaperi.

17 Zvino, tinoona kuti vanhu vazhinji vakanga vanzwisisa... vakanga vasina zvinyorwa sezvatinazvo nhasi, vakanga vasina terevhizheni kana nhare, kana chipi nechipi zvacho, chezuva iroro, asi vakanga vanzwa guhu rokuti Akanga Achizovapo papasika. Nokuti vanhu vazhinji, vari vepfungwa dzemweya, vaiziva kuti Ndiye Gwayana repasika, nekuti Akanga Avaudza kare zvinhu zvaizoitika.

18 Uyewo ipapo, ichokwadi, vachiziva kuti Iye Aizovapo, uye vachiMuda sezvavaiita, vakanga vakaMumirira. Paiva nemhomho zvichida yaisundana, kusundana kubva kune rimwe suwo kundopinda kune rimwe, vachitarira kwose-kwose, nekuti vaizviziva kuti mune rimwe ramaawa aya Iye Aizoonekwa. Vakanga vachitarira.

Vamwe vakanga vachinetseka kuti dambidziko ravanhu vaimhanya kubva kune rimwe suwo kupinda rimwe raiva rei. "Chiiko Chinokwezva?"

Uye vaitarira uku nekoko, kuti vaone. Zvinoratidza kuti chiripo chavakanga vachitsvaga, vari pasi pokutarisira kuti chimwe chinhu chichaitika.

Oh, ndingada sei kushandura chidzidzo changu kwemamitsi mashomanana uye nditaure izvi, kuti ndiro dambudziko nhasi. Vanhu vari kutsvaga kuuya Kwake vari pasi pokurindira kukuru uye netarisiro. Tinotonzwa, zvinomanikidzira. Uye vari kutsvaga, vachitarira zvose uye chiratidzo chose, vachichienzanisa nemaGwaro.

19 Uye vakati vachiona zvinhu zvose izvozvo zvakarehwa neZvake, kusvika kumagumo, vakaziva kuti magumo akanga ava pedo. Vaida kunge varipo, saka vakatarira. Chimwe chikamu chemhomho chaimira Naye, chiri muhushoma. Vamwe vaipesana Naye, vazhinji vavo, chikamu makumi mapfumbamwe kubva muzana chemhomho chaipesana Naye.

Uye ndizvo zvazviri nhasi mumhomho yezvekunamata, kana zvasvika paShoko uye Kristu, panongova nechikamu chimwechete kubva muzana chinoZvitenda. Chimwe chikamu hachingaZvicheukiri, zvisinei nezvaitwa, vanototaura imwe mhando yezvinosetsa kana kutaura chakaipa pamusoro paZvo. Zvakada kungofanana. Mukufamba kwenguva, zvinhu hazvinyanyi kushanduka, nhoroondo inongozvidzokorora pachayo.

20 Zvakanaka, tinoona kuti zvakaunza kakusagadzikana. Zvaifanira kudaro. Zvinofanira kudaro. Vakanga vakamirira, vainetseka kuti Iye Aizoitei kana Achinge Auya 'po. Vaida kuvapo kuti vagowana chose zvacho chaAiita. Vaichida Ichocho. Vaida kuChiona. VaiMutenda. Vamwe vakanga vanzwa kuti Arikuuya, uye ndokukwira ikoko kuti vandoita dambe Naye. Saka mushure mokurindira kwose vasina kugadzikana, zuva rakasiyana namawe, nguva yakasiyana nedzimwe, makereke avete, kugadzikana kwavanhu kuri muzvidodoma, paiva navanhu vazhinji ipapo, uye ipapo zvakabva zvaitika!

21 Kubva pamusoro peGomo Orivhi pakaburuka, mbongoro chena duku ichiburuka, ichifamba kudzika chikomo, paine boka raidanidzira zvinekupenga, richitanha mashizha kubva pamuti womurara, vachikanda hanzu dzavo munzira, vachidanidzita, "Hosana kuMwanakomana waDhavhidi Anouya MuZita RaShe!" Iyo... nyurusi duku iyi, Mutasvi wayo Akanga Asiri mumwe kunze KwaMesiya Muzodziwa WaMwari wenguva iyi.

Mwari, ipapo, Akanga Oitei? Chiiko chinokwezva ichi pachikomo? NdiMwari Achigadzira nhoroondo, uye Mwari Achizadzisa chiporofita. Uye izvi zvagara zvinokonzera kukwezveka. Zvinosimudza vashoropodzi vose, makora(eMharidzo yamanganani anhasi), pmwechete nezvapungu. Maona? Zvose zvinouya kuzoona kuti chii chiri kuitika. Vamwe vachiuya kuzoongorora, vamwe vachiuya kuzotsvaga mhosho, vamwe vachivinga kuzoshoropodza. Pane mhando dzose dzinoungana, sokutaura kwataita mangwanani ano: vatendi, vatendi-kabanga, uyewo vasingatendi. Chiiko chiri pagomo? Chiporofita chiri kuzadziswa. Zvino tichaona zvichaitika.

22 Zvino, muBhuku yaZakariya, muchitsauko 9 uye ndima 9. Zakariya umwe wavaporofita akataura MuMweya, achitaura izvi.

Fara zvikuru, O mukunda weZiyoni; danidzirai, O vakunda

veJerusarema: tarira, Mambo wenyu Anouya kwamuri: Iye Akarurama...

Aine ruponeso; mukuderera, uye Akatasva mbongoro, pamwana wembongoro, pambongoro pamwana wembongoro.

Zvino, dambudziko ravanyori raiva rei? Dambudziko ravapristi raiva rei? Dambudziko nevezvekunamata raiva rei? Zvinhu izvi zvakanorwa makore mazana mana ane makumi masere namanomwe zvisati zvaitika, nomuporofita akasimbiswa, uye zvakanga zviswa murunyororo kare uye rwunonzi Bhaibheri, manyora anoputanidzwa eTestamendi Yakare. Seiko vasina kuzviona kuti chaiva chiporofita chiri kuzadziswa? Ndicho chikonzero chimwechete vasinga zvioni nhasi. Vakanga vatora Shoko RaMwari vakaRishaisa simba kuvanhu, nekudzidzisa(kuva tsika) sedzidziso idzo tsika dzavanhu.

Uyewo kana munyori, vaparidzi, vashumiri, vemweya (vanozviidza kudaro), vazodziwa, vaingoverenga bedzi Bhaibheri, havaifanira kunge vachinetseka nezvaitora nzvimbo, vaizoziva kuti Chaiva Chii. Mwari Achizadzisa Shoko Rake!

23 Nhoroondo yainyorwa apa, chiporofita chakanga chichizadziswa. Ruponeso kunyika rwakanga rwasvika, iro zuva guru rakanga rakatarisirwa navaporofita. Vose vaiva mumabwiro vakanga vakamirira zuva iri (ini zvangu, imbozvifunga), vose vakanga vakafa, kururama kwose kweropa revakafira chapupu chaKristu pamwechete navaporofita.

Izvo, Akanga Achangodanidzira, "Jerusarema, O Jerusarema, iwe munotaka namabwe muporofita wose waNdinotuma kwauri, uye nokuuraya vakarurama, ruzhinji sei rwaNdaida kukuvhumbamira sezvinoita sheshe, inovhumbamira hukwana dzayo, asi iwe hauna kuva nehanya. Asi zvino nguva yako yakwana."

24 Zvose zvaiva mubwiro, Abrahama, Isaka, Jakobho, vaporofita vose, vakanga vakamirira nguva iyi.

Uye kereke yakanga yakapofomara kwaZviri. "Ndianiko uyu arikukonzera ruzha? Ndinaiko Muchinda uyu?" Pane imwe nguva vakati, "Handiye here uyu mwanakomana womuvezi wamatanda ari pano? tinoMuziva. Huchenjeri uhwu Akahuwanepi? Nekuti, hatiMuoni Achibatana nekana chimwe chezvikororo zvedu. Hatizivi kana nebhuku rimwechete raAkadzidza kubva mariri. Ambori Aniko Uyu?"

Aiva mhinduro kuchiporofita chavaporofita. Heuno Achiuya zvino, Akatasva pamwana wembongoro. Chinhu chinokwezva zvakadii! Mwari Vachizadzisa Shoko Ravo Ravakavimbisa, nguva yakanga

yakamirirwa kwezviuru zvina zvakakore. Muna Gensi, chitsauko 3 uye ndima 15, Mwari Akafana kutaura, "Mbeu yomudzimai ichakuzvura musoro wechikara, asi musoro wacho uchakuzvura chitsitsinho chake," chiporofita ichi zasi imomo mubhaibheri chakafanoreva zvokuuya KweMurume Uyu.

25 Uyewo pano apo manje-manje kwakava nomuporofita akamira pakati pavo, aiva muporofita akasimbiswa, Zakariya, uye iye ndokuti, "Imi vakunda veJerusarema uye imi vakunda veZiyoni, farai, danidzirai, danidziraisai, nekuti Mambo wenyu Anouya kwamuri, Akanyorova uye kuzvideredza uye nokuninipa, Akatasva pamwana wembongoro."

Asi pano vanhu ivavo vakaverenga Gwaro Iroro, zuva roga-roga, vakaMuona Achiuya Akatasva, asi vakadanidzira, "Ndianiko Uyu?" Maona? Mwari Achizadzisa Shoko Rake kuvanhu vaifanira kunge vakaziva kuti Chaiva Chii, asi havana kuChiziva.

Mwari paAno zadzisa Shoko Rake, Rinokonzera kukwezveka nguva dzose, Rinogaro daro. Kukonzera kukwezveka, nekuti Iro haRisi ramazuva ose. Hazvijairiki zvakanyanya, paAno zadzisa Shoko Rake kune mafambiro echimaje-manje ezvinhu zvanhasi, nekuti mufambiro wechimanje-manje wezvinhu wanhasi hauZvitendi. Vane nzira yavo voga.

26 Zvino, tinoona, uye ngatidzokerei mumaGwaro uye titore zvimwe zvezviitiko zvisina kujairika, kwemaminitisi mashomanana, apo Mwari Anozadzisa chiporofita. Kana Mwari Ataura chipi nechipi, Iye Uchachiita. Matenga ose uye nenyika zvinopfuura, asi Shoko Iroro haRizopfuuri. Saka Rinowanzo konzeresa chisionekwu, chinhanho chisina kujairika.

Cherechedzai kupenga kunoita Shoko Iroro RaMwari kune va-vanhu vanofanira kuRitenda, asi haRijairiki zvakanyanya mukuti vanodaidzira, "Zvakanaka, chimbori chiiko ichi? Wakazvitorepi zvinhu izvi? Ndianiko uyu? Chiiko ichi?"

Asi, vachifanira kudanidzira vachiti, "Hosanna kuna Mambo Anouya MuZita RaShe!" Asi paingova nekaboka kaduku kakazviita, kaboka kaduku zvako. Pachiporofita chemakore zviuru zvina, pachinhu chikurusa chisati chamboitika kundudzi, nokuti vanhu vose vakanga vakafa vakazorora paChiri, ramangwana rose rakazorora paChiri; uye vanhu vezvekunamata, vaipupura kuti vanoChitenda, vaidanidzira, "Ndiani Uyu? Uye chiiko chinokwezva ipapa?" Chimwe chinhu chisina kujairika! Zvimwechete, hazvishanduki, nazvino hazvijairika.

27 Regai tione zvimwe zvesingajairiki, sokutaura kwandaita. Chiiko chikwezva nyika payakanga yoda kurohwa nokutongwa uye kukaiparadza nemvura? Imwe harahwa, yamakore angava zana namakumi maviri okuberekwa, ichivaka igwa ipo pasina mvura yokuti rigo yangarara mairi. Kumusoro ikoko, amire pamukova, achivaka zvomukati, ari mukati, uye achiisa namo mukati nokunze, uye achiti, "Nyika ichamedzwa nemvura," muzera guru rezvesainzi.

"Ruzha rwedemo rwuri mugomo nderweiko?" "Ndizvo, imwe harahwa inonzi Nowa, uye ndiyo iri kumusoro uko, mupengereki akwegura. Harahwa iyi yakazviyanika zvakanyanya muzuva. Yakakanganiswa mitezo nezuva. Yasangana musoro. Uye iri kuvaka chainoti 'ngarava,' uye irikuti kuchauya mvura kubva kumusoro uko kusina mvura, uye ngarava ichayangararisa vanhu; uye munhu wose asingazonzwi mharidzo yake, uye newese asingazouyi kupinda mungarava, achanyura. Makambonzwa kupi chinhu chakadai?" Chaiva chinokwezva chisina kujairika!

28 Imbozvifunga vanhu pavaida kunyatsa kuseka, vangoenda vondomira mberi kwemukova weareka uye voseka. "Ndizvo, iwe wakati kuchanaya makore zana apfuura! Sekuru vangu vakandiudza kuti vakakunzwa kumusoro kuno uchiti kuchanaya, uye uchiri kukoma-koma chivezwa chasakara ichi chatatanda. Wadii kuita semunhu ane dzakakwana?"

Asi Aiva Mwari Achigadzirira kutsigira vimbiso uye nokuzadzisa chiporofita chakapiwa nomuporofita Wake. Hazvina kujairika zvachose! Mwari Achizadzisa vimbiso Yake kuna Nowa, vamwe vachiseka zvavo. Mwari Aigadzirira kunyora nhoroondo kuratidza kune vamwe, kunyangwe nanhasi, kuti Iye Anochengeta Shoko Rake! Zvisinei kuti zvinoratidza kusajairika sei, uye sezvisina maturo, Iye Anochengeta Shoko Rake. Akanga OriIta muenzaniso, kubva pamurume iyeye aikoma-koma areka, kuvanhu ava vomuno muAmerica manheru ano uyewo nepasi rose. Zvisinei nokuti sainzi inoti kudii, kuti ivo vanoti kudii, ichi, icho, kana icho, Iye Anochengeta Shoko Rake. Akanga Onyora nhoroondo.

29 Chiiko chaikwezva rimwe zuva; chisina kujairika chakaitika seri uko murenje, uye raiva gwenzi rinopfuta. Uye muporofita akanga atiza aiva amire zasi murnje. Haana inzwi raakanzwa, haana ruzha rwaakanzwa, asi akatarira uye ndokuona chisina kujairika pamusoro pagomo. Mwari Achiedza kumukwezva. Ndizvo zvimwechete nanhasi!

Mwari Akanga Ogadzirira kuzadzisa Shoko Rake, nomuporofita Wake Abrahama, "Mbeu yako ichagara kwamakore mazana mana munyika youtorwa. Ini Ndichavabuditsa noruoko rwunesimba."

Uye Iye Akanga Ogadzirira munhu webasa iri, sokugadzirira KwaAkaita areka kuti ive nzvimbo

yechengetedzo kune vaitenda. Mwari Akaisa moto pagwenzi, uye mufudzi uyu, Mozisi, akati, "Ndichatsukira kururtivi kuti ndione chirevo chechishamiso ichi." Uyewo paAkasvitsa Mozisi pagwenzi iri, Iye Akataura kwaari.

30 Chaiva chii chinokwezva mberi uko munzvimbo yaPirato, apo mufudzi wamakwai akakanda tsvimbo yake pasi uye ikashanduka kuva nyoka? Mwari Achizadzisa vimbiso Yake kuna Mozisi. Chiiko chaikwezva paGungwa Rakafa, apo mabhiza ose aFarawo akashamiswa, apo akaona mhengo ichiburuka kubva kumatenga uye ndokupatsanura Gungwa Dzvuku rimwe kurudyi rimwe kuruboshwe; uye boka rinopisa tsitsi renhapwa, richifamba mubasa RaMwari, ndokuyambuka ipapo pavhu rakaoma? Chaiva chii ichi? Mwari Achichengeta ShokoRake. Rufu rwakataramuka, uye vanhu vapenyu ndokuyambukira mhiri; uyewo vakafa pamweya vakazama kuzvitevedzera, uye vakanyura. Mwari Achizadzisa chiporofita uye Achinyora nhoroondo. Ndicho chinokwezva chaiva paGungwa Rakafa.

31 Chiiko chaikwezva zuva rakatevera mushure mezvizvi, paGomo Sinai, apo vanhu vose vakarairwa kuti vazaziva madzimai avo, pavakanzi vageze mbatya dzavo uye vazvichenese, uye kuti vaungane vakakomberedza gomo iro murume anonzi Mozisi akanga ati ndipo akasanganira NeShongwe YaMwari YeGore Romoto? Uye Mwari Akanga Ati kuna Mozisi, "Ndichaburukira pakati pavanhu. Ndichasimbisa izvo zvaNdakakuudza, uye nezvaNdiri Ini. Ndichavaratidza kuti Ndini Mwari Iyeye." Ndicho chaikwezva, Mwari Achizadzisa ShokoRake.

32 Chiiko chaikwezva rimwe zuva munhoroondo, apo ndudzi yakanga yakanganwa Mwari, apo vanhu vakanga vava vatevedzi vetsika uye vasisina hanya, apo vaprista vose vakanga vofambidzana nemuitiro wamazuva iwayo, apo vaporofita vaiporofita zviri maringe nokuda kwavaprista? Uyewo muzuva iroro, semazuva ose, aive mumwe murume mumwechete wavaifunga kuti anopengereka. Aitaura pamusoro pamadzimai anopendha, uye nezvimwe zvose, uye akanga ari muchinda akati siyane navamwe. Uyewo muchinda uyu akanga aburukira 'ko uye akati kuna mambo, "Hakuna kana nedova richadana...richauya dakara ini ndaridana."

33 Uyewo tinoona kuti, ipapo, akazvivanza uye ndokutiza kubva kwazviri, uye akandovanda kunze uko murenje pane imwe nzvimbo. Boka riya rakafunga kuti zvimwe akanga aziya nenzara kusvika mukufa kana kuti akaparara; asi akanga achipiwa zvokudya zvakakwana, uye nokupiwa mvura yokunwa, zvakare. Uye heuno aiva pano, ndokuburikira 'ko uye ndokuti, "Munozviona here kuti ndine ZVANZI NAJEHOVHA? Zvino, kana musati magutsikana nazvo, ngatikwidzei pamusoropegomo uye tigoratidza kuti Mwari Ndoupi," nokuti akanga aine chimwe chiratidzo kubva kunaShe.

Iye ndokuti, "Zvisarudzirei imi-imi aritari, uye muiumbe, uye-uye sarudzai nzombe uye mudzibaye. Ini ndichagadzira aritari YaShe, uyewo ndichaisa nzombe pane yangu. Tose tichagadzira chipiriso, uye tenderai Mwari anova Mwari chaiye Apindure." Iye haaigona kana napaduku pose kuzviita izvi dai Ishe Akanga Asina kumuudza; akatura kudaro gare-gare, "Ndaita izvipaku...zvose izvi, pakurayira Kwenyu, Ishe."

34 Asi chiiko chinokwezva? Chakaunza vaprista vane mazana mana vamire pachikomo, uye namambo kumusoro ikoko ari mukarichi yake, nezvombo zvake zvose pamwechete nevatiriri vamire vakakomba. Uyewo mutana uyu, wehanzu yedehwe regwai, murume wehuso hwakazara ndebvu, aine mhanza, uye aine mavhudzi akaremba kuhuso, aine chidimbu chedehwe regwai chakaremba nokumuputira, uye aine mvere pamutumbi wake wose, amire ipapo akabata tsvimbo muruoko rwake, uye nechinyu chamafuta mune rwumwe ruoko; mumwechete akanga ataura, makore matatu nechidimbu zvisati zvaitika izvi, "Hakuna kana nedova ringadonha kusvikira ndiridana kubva kwariri, kuti riuye," achitora chinzvimbo chaMwari, pamwe nezvinhu zvakaita sezvaedza uye mimvuri, uye nezvimwe zvose zvanotaura nezvazvo. "Uye heuno mutana mupengereki uyu amire ipapo pachikomo, achiunza vanhu vose ava kumusoro ikoko." Chinokwezva ichi chaiva chipiko? Aiva Mwari Achigadzira kusimbisa muporofita Wake kuti aiva akarurama. Aiva Mwari Arikuzadzisa chiporofita. Mwari Achinyora nhoroondo, Achizadzisa Shoko.

35 Makore mazana mashomanana mushure mezvo, akavapo mumwe murume akazodzwa NeMweya mumwechete, uye akabva murenje, asina mufambidzano nemasangano; kunyangwe zvazvo baba vake vaiva munhu wesangano, muprista muhuprista. Asi akabva murenje, akapfeka dehwe regwai paari, bvudzi riri kuhuso hwake hwose. Pachinzvimbo chokuti ringe ririjena, raiva dema. Chiiko chaikwezva pamurume uyu chakakwezva Jerusarema yose pamwechete neJudhiya? Vamwe vavo vachiendako uye ndokuti, "Kune murume mhengo zasi uko, arikuzama kunyudza vanhu mumvura. Ndianiko akambonzwa zvinhu zvakaita seozvo?"

36 Vamwe vaidira kunyatsonzwisisa, uye vachiti, "Uyu anofanira kuva Ari Mesiya." Mumwe wavo ndokuti, "Anogona kuva ari mumwe wavaporofita." Havana kuziva chokufunga. Asi chaiva chii ichocho? Aiva Mwari Achizadzisa Isaya 40, apo Akati, "Tarira..." zvaAizoita mumazuva okugumisira, kuti Iye Aizotuma sei muranda Wake uye nezvaizoita.

Zvino tinoona kuti, mavhiki mashoma mushure mezvo, murume iyeye aine kugutsikana nemharidzo yake, kusvikira akati, "Aripo Mumwe Amire pakati penyu, shangu Dzake handina kukodzera kutakura. Iye

Achakubhabhatidzai NeMweya Mutsvene uye neMoto, sokubhabhatidza kwandakaita nemvura.”

37 Rimwe ramazuva wamazuva ose, Murume wechidiki, angava namakore makumi matatu okuberekwa, wakafamba kudzika 'ko uye ndokubhabhatidzwa. Uye Murume Uyu paAkauya, pakava nokukwezveka kwomuporofita kukuru, muporofita akazvibata nomuitiro unoshamisa zuva iroro. Ungano haina kugona chimwe chinhu kunze kwokutarira muitiro womuporofita.

Paakanga achiita gakava navaprista mhiri kworwizi, vakati, “Mwari Akavaka aritari iyi. Mwari Akatiudza kuti tiite chinhu ichi. Mozisi ndiye muporofita. Tinotenda muna Mozisi. Chipiriso hachigoni kubviswa.”

Ndinonzwa Johani achivapindura, ndokuti, “Makazviverenga here muGwaro zvakataurwa maDhanyeri muporofita achiti, 'Kupirisa kwamazuva ose kuchabviswa'? Uye nguva iyoyo yasvika! Hamuna kuzviverenga here zvakataurwa naIsaya muchitsauko 40, 'Inzwi reunodana murenje, kurai nzira yaShe'? Kune zviporofita zvangu zviviri. Uyewo chimwe chinhu, hamuna here kucherechedza muporofita wedu makore mazana mana apfuura, Maraki, paakataura muchitsauko 3 uye akati, 'Tarira, Ndinotumira nhume Yangu mberi Kwangu, kuti ikure nzira'? Hamuzivi here kuti izvi zvinozadzisa chiporofita?” Chiporofita chakanga chichi zadziswa!

38 Uye panguva dzimwechete idzodzo muporofita akacheuka uye ndokuti, “Tarira, hero rouya Gwayana RaMwari Rinobvisa chivi chenyika!” Zvino chiiko chinokwezva? Chakafamba kubva kumuporofita chikava chiporofita chake.

Zvino chicherechedzai zvinozoitika. Heuno Murume wamazuva ose Anouya, Asibgazivikanwi nani naani zvake, mwanakomana womuvezi, Ndokufamba Achipinda mumvura. Apo Johani, muporofita mukuru, akati, “Ndinotoda kubhabhatidzwa Nemi. Ko Munovingei kwandiri?”

Iye Akati, “Tendera kuti zvive saizvozvo. Asi, somuporofita NeShoko, zvinotigombedzera kuti tizadzise kururama kwose.”

Saka akazvinzwisa kuti Chipiriso Chaifanira kusukwa Chisati Chapiwa, uye akaMubhabhatidza.

39 Zvino pane chimwe chinokwezva chakaitika paAkakwidza kubuda mumvura. Muporofita uyu akanga akatendeka kwazvo kupupura zera rake uye nenguva, wakatarira kumusoro uye ndokuona matenga azaruka. Iye akaona Mweya WaMwari, senjiva, Uchiburujira paAri, uye Inzwi Richiti, “Uyu Ndiye Mwanakomana Wangu WaNdinofadzwa Naye.” Mwari Akanga Achisimbisa mharidzo yomuporofita, yakanga ichikwezvera paJorodhani.

40 Hama yaimba nguva pfupi yapfuura, kana kuti yanga ichifanira kuimba, “Pachikomo chirikure pakamira muchinjikwa wakare-kare waka kwasharara.” Chiiko chinokwezva paKaruvhari? Ipapo tichiona kuti nharaunda yezvekunamata yakanga yaMupomera, uye hurumende yeRhoma yamutongera rufu. Uye Heuno Akanga Akarembere pakati pembavha mbiri, Oziya nenyota, Ropa richijuja kubuda mumutumbi Wake. Hapo Akanga Akarembere, achidanidzira, “Mwari Wangu, Mwari Wangu, MaNdisiireiko? Uye vanhu vezvekunamata vamire ipapo, vakazvitarira, havana kuziva kuti chiporofita cheTestamendi Yakare chakanga chichizadziswa ipapo paKaruvhari panguva iyoyo.

Dhavidu pachaka akanyora, ndokuita... akawira MuMweya sevamwe vaporofita vose, iye wakaita sokunge ndiye. Dhavhidi akachema, muPisarema rechi 22, “Mwari Wangu, Mwari Wangu, MaNdisiireiko? Mapfupa Angu ose vanotarira kaNdiri. Vanobaya maoko Angu uye netsoka Dzangu.” Dhavhidi, achitaura sokunge ndiye. Uye akanga asiri Dhavhidi, Aiva Kristu munaDhavidu.

Uye pano apa chiporofita ichi chakaparurwa, vaporofita vose vakasiyana-siyana, vaizadziswa paKaruvhari. Chiiko chinokwezva paGomo Karuvhari? Mwari Achizadzisa Shoko Rake.

41 Chimwe chinokwezva chaiva pagomo, chaiva muZuva rePendekosti, apo vose vakanga vari kumusoro ikoko kumutambo wezvokunamata, vakafunga kutivakanga vapedza navapengereki vose. Vakanga vasina kunzwa kubva kwavari mumazuva gumi. Ipapo-ipapo, sezvinoita Mukoko wenyuchi, vakadzutuka kubva pamusoro pechivakwa, ndokupinda mumigwagwa, vachidanidzira uye nokuta zvose.

“Chiiko ichi? Zvimoreveiko izvi? Varume ava vakadhakwa here?”

Tarirai! Uyewo muporofita akasimuka kubva pakati pavo, semuitiro unofanira kuva womuporofita, uye ndokuti, “Imi varume veIsraeri, uye nemi vagary veJudhiya, muJerusarema, ngazvizivikanwe nemi, uye muteerere mashoko angu. Ava havan kudhaka sokufunga kwenyu. Asi izvi ndizvo zvakataurwa NaShe kuburikidza naJoere, muporofita, 'Zvichaitika sokudaro namazuva okupedzesera, Ndichadurura Mweya Wangu pamusoro penyama yose.” Ndicho chaikwezva.

42 Vanhu vezvokunamata, mushure mokuroverera Muchinda Wohupenyu, uye nezvimwe zvose, zvakadaro havana kugona kuona kuuya kwevimbiso YaMweya Mutsvene. Chaikwezva, “Ndianiko Uyu? Zvimorevi izvi? Dambudziko navanhu ava ndereiko?”

Oh, ini zvangu! Ndizvo zvimwechete nanhasi. Tichanyenyeredza zvakawanda zveizvi kuti tizvisvitse muzuva ranhasi. Chinhu chimwechete chiri kuitika. Mubvunzo mumwechete unobvunzwa. "Ruzha rwose urwu nderwei?" Tarira uchikwidza-nokudzika mumugwagwa, motokari kubva Michigan kunobata Florida, kubva Maine kunobata Carlifonia. Mangwanani anhasi pandatyaira kubuda, kana kuti mushure mepakati pezuva chaipo, tanga tichidzika nomugwagwa, mudzimai neni tichitarisa mitero yemotokari. Ndipo pandafunga zvechidzidzo ichi.

"Ko izvi zvinorevei?"

Sokutaura Kwaro, "Pane mutumbi, ndipo panoungana zvapungu."

43 Ini ndokuti kumudzimai wangu, "Mudiwa, unorangarira here husiku hwokugumisira wandakaoneka zvose zvepamoyo pangu panyika, uye ndikaenda kuminda kundotanga chimwe chinhu icho Mwari Akati ndiite?" Wakaimba rumbo rwuya."

Oh, vanobva kuMabvazuva uye kuMavirira,

Vanobva kunzvimbo dziri kure,

Kuti vadye NaMambo wedu, vagodya savakokwa Vake;

Vakaropafadzwa sei vafambi ava!

Vachitarira huso Hwake hunobwinya

Hunopenya nerudo RwaMwari;

Vakaropafadzwa vadyi venyasha Dzake,

Sezvinoita ngoda mukorona Yake vachapenya.

44 Ndizvo zviru chinokwezva. Mbeu YaMwari yakafanotemerwa isina chimwe chaingagona kunze kwekuChitevera, chinoreva zvinopfuurira hupenyu kwatiri. Hupenyu hwedu mungatora, asi Ichi haungaChitori. Chiiko chinokwezva? Mwari, semazuva ose, Achizadzisa ShokoRake. Iye Arikuzadzisa Shoko raZakariya zvakare, romuporofita Zakariya.

Pandaverenga pandima 9 nguva yapfuura, apo Jesu Akapinda mutemberi Yake, akatasva... kana kuti Akapinda muJerusarema, akatasva, mbongoro duku chena, chiporofita chakazadziwa chakataurwa naZakariya. Hechino Ichi pano, "Fara zvikuru, O mukunda weZiyoni; danidzirai, O vakunda veJerusarema: tarira, Mambo wenyu Anouya kwamuri: Iye Akarurama...Aine ruponeso; mukuderera, uye Akatasva mbongoro, pamwana wembongoro, pambongoro pamwana wembongoro." Ndicho chaikwezva paJerusarema,pamuzinda mukuru wezvekunamata.

45 Zvino tinoona chiiitiko chemazuva okupedzesera! Ngativhure mamwe mapeji mberi, muna Zakariya, uye tigoona zvaakataura pamusoro pawo. Ngatiyambukire zvino kumazuva okupedzesera. Iri raiva zera ramazuva epakati; ngatiyambukire zvino kumazuva okupedzesera. Uye tizarure kunazakariya, chitsauko 14, tichitangira pandima 4. Uye teererai! Uye tichaverenga ipapo pachikamu cheGwaro, dzingava ndima pfumbamwe, kubva pandima 4 kusvika 9. Muteererese. Uye Riri kuporofita zvoKuuya Kwake, mumazuva okupedzesera. Muteererese zvino. Iyi I ZVANJI NAJEHOVHA. Ndiwo maGwaro, Zakariya chitsauko 14. Murangarire Zakariya chitsauko 9, kuti Yataura kuti kudini? Uye havana kuIcherechedza. Zvino zvakamira sei nhasi? Zakariya chitsauko 14, ichitaura zveKuuya Kwake:

Nezuva iro tsoka dzake dzichamira pagomo reMiorivi, zvakare, riri pamberi peJerusarema kurutivi

rwamabvazuva, gomo Orivhi richapamuka napakati

zvichibva kumabvazuva zvichienda kumadokera,

kuchavapo mupata mukuru kwazvo;...chimwe chidimbu

chegomo chichatsemukira kurutivi rwekumusoro, chimwe

chidimbu charo...kurutivi rwezasi.

Muchatiza nomumipata wamakomo; nokuti mupata

wamakomo uchandosvika paAzeri: zvirokwazvo,

muchatiza, sezvamakatiza kundengendeka kwenyika

pamazuva aUzia mambo waJudha:...

46 Kumwe kundengendeka kwenyika kuchitsemura nyika nokuizarura! Kana muchida kutevera Gwaro

ipapa, cherechedzai ndima 5, iri kureva kuti kupamuka kweGomo Orivhi kunokonzereswa nokundengendeka kwenyika, izvi zvinosimbiswa naIsaya 29 ndima 6 naZvakazarurwa 16 ndima 9. Chaizvo chaizvo! Chii ichocho? Muporofita mumwe chete akataura nezvekuuya kwaKe kwokutanga, akaona Kuuya Kwake kwechipiri. Cherechedzai, "Semazuva okundengendeka." Murikuona zviri kuitwa nokundengendeka kwenyika? Murikuona kufanotaurwa kwawo?

...Ipapo JEHOVHA Mwari wako Uchauya, navatsvene

vose pamwe chete newe.

Zvino nezuva iro, (hallelujah) zvino nezuva iro, chiedza

chichashaikwa, zvinopenya zvichadzimwa:

Asi richava zuva rine...zuva rimwe rinozikanwa na

JEHOVHA, hapangavi masikati, kana usiku: asi nenguva

yemanheru, kuchava nechiedza. (Oh Mwari!)

47 "Pachava neChiedza panguva yemanheru," muporofita mumwe chete. Asi vanhu vakapofomara! Chiiko chinokwezva? Ngatingoverengai dzimwe ndima dzakati kuti:

Zvino nezuva iro, mvura inorarama zhinji ichabuda

kubva muJerusarema; chimwe chidimbu chayo chichagovera

kugungwa rokumabvazuva, chimwe chidimbu chayo...kugungwa rokumavirira: zvichaitwa pazhizha na...

pachando. (Ivhangeri ichaenda; zvose kumaJudha uye

nokumarudzi avaHedheni.)

JEHOVHA uchava mambo we...nyika yose: nezuva iro,

JEHOVHA uchava mumwe chete, nezita rake rimwe chete.

Kuchava neChiedza panguva yemanheru,

(ndizvo)

Nzira yoKubwinya muchanyatsoona;

Nenzira yemvura ndicho Chiedza nhasi,

Takavigwa muZita rakakosha raJesu.

Vaduku nevakuru, tendeukai zvivi zvenyu

zvose,

Mweya Mutsvene zvirokwazvo uchapinda

mukati;

Chiedza chamanheru chauya,

Inyaya yechokwadi kuti Mwari naKristu

NdeVamwechete.

Maona here patave?

Nyika dziri kupamuka, Israeri iri kupepuka,

Zviratidzo izvo zvakafanorehwa navaporofita vedu;

(kundengendeka kuya kumarudzi

echiHedheni muzuva rokupedzesera)

Mazuva emarudzi avaHedheni apera,

zvinotyisa zvichidzivisa;

Dzokai, Oh imi makamwararidzwa, kune
vekwenyu.

Imi makakandirwa kunze, uye neareka idzi dzakatakurwa pangoro itsva, budai kubva ikoko rufu rwusati rwakubatai. Mwari akaZvisimbisa. Zvichava saizvozvo.

48 Ngatidzokei kune rimwe Gwaro muTestamendi Yakare, Maraki chitsauko 4, uye tigoverenga zvisomanana chitsauko 4.

...Tarirai, zuva rinouya, rinopisa sechoto; ipapo,
vose vanozyikudza,...navose vanoita zvakaipa,
vachawa samashanga:...

Zvino, iyi handiyo...Yaiva Maraki 3, yaiva kuuya kwekutanga, zvino pano ndipo pane kuuya kunotevera. Kunyange Doctor Scofield pano, handitenderane navo zvachose pazvinyorwa zvavo zvapazasi apa, asi vakanyatsozvinanganisa kwazvo. "Kutumwa kwaJohani," kuna Maraki 3; uye, "Kuuya kwechipiri kwaKristu," uye Eriya achifanotanga auya. Ndizvozvo.

...vose vanozyikudza vachatsva, ndizvo zvinotaura
JEHOVHA wehondo, uye rikasavasiyira mudzi kana davi.

(Zvino gehena "reZienda-nakuenda" riri papi zvino?)

Asi imi munoty zita rangu muchabudirwa neZuva
rokururama rinokupodzwa misangano yokupodzwa
kwavarwere, kuporesa pasi pamapapiro;...imi muchabuda,
muchikura; semhuru dzomuchirugwi.

Muchatsika vakaipa pasi;...nokuti vachava madota
pasi petsoka dzenyu nezuya iro randichaita izvozvo,
ndizvo zvinotaura JEHOVHA wehondo.

Rangarirai... murayiro waMozisi muranda wangu, wandakamuraira paHorebhi wavaIsiraeri vose,...
zvakatemwa nezvakatongwa.

49 Hekuno kuuya kwaEriya:

Tarirai, ndichakutumirai muporofita Eriya...

Gwaro Rokuvharwa kweTestamendi Yakare!

...ndichakutumirai muporofita Eriya zuva iro guru ra

JEHOVHA rinotyisa risati rasvika:

Zvino, uyu haaigona kuva Johani. Kwete. Maona, nyika haina kuzopiswa uye vakarurama havana kuzofamba pamusoro pevakaipa. Maona? Kwete, kwete.

...zuva iro guru ra JEHOVHA rinotyisa risati rasvika:

Iye uchadzorerera moyo yamadzibaba kuvana,
nemoyo yavana kumadzibaba avo, kuti ndirege
kuuya ndirove nyika nokutuka.

Cherechedzai kunanga kwakaita Mweya Mutsvene, kuti HaUna kupesanaisa kuuya kuviri kwaEriya. Maraki 3, yakati, "Tarira, Ndinotumira nhume Yangu mberi Kwangu." Jesu Akabvunzwa nezva Johani; Iye Akati, "Kana muchizvigamuchira, uyu ndiye akarehwa nomuporofita kuti, 'Ndichatumira nhume Yangu mberi Kwangu.' Uyu ndiye Eriya waifanira kuuya." Maraki 3.

50 Mucherechedze Gwaro Rinonyatsa kuzvibuditsa zvakana. Tarirai zvinoitwa ne... kuratidza kuti...
ivavo vanoda kutenda, ivavo vanoda kuona. Rangarirai, Jesu Achimira pakati peGwaro, nekuti chimwe
chikamu charo chakazadziswa nguva idzodzo, rimwe rasara muKuuya Kwake kwepiri? "Kuparidza zvegore
rakanaka RaShe, nokuumbiridza moyo yakaputsika," uye Ndokumirira ipapo; kwete kuti "nokuunza
kutongwa kuvaHedheni" kusvikira paKuuya Kwake kwepiri.

51 Mucherechedze Gwaro Iri Rinofambidzana nezvizvi. "Uye iye, Eriya, uchashandura moyo yemadzibaba kudzoka kuvana." (Zvino tichitaura zvaMaraki 4, musaivhenganisa, kana kuti Maraki 3) Johani, Eriya, iye akauya mumazuva ayo Kristu Asati Auya kokutanga, akashandura moyo yemadzibaba akatanga kuti idzoke kumharidzo yavana, mharidzo itsva.

Zvino tarirai. "Uye nemoyo yevana kudzokera kumadzibaba." Mukuuya Kwake kwepiri, mumazuva okupedzesera, iye unosahandura kudzorera kuKutenda kwavapostora zvakare. Maona here kuti maGwaro Anopinda sei mugwara rimwechete?

Aya ndiwo aiva magumo eTestamendi Yakare, Testamendi Yakare. Zvino tinoona kuti kune Chiedza munguva dzamanheru. Chimbori Chiiko? Ndipo pamusoro, Gomo rapamusoro pemuti.

52 Sekutaura kwandaita mangwanani anhasi, tafamba kupfuura nemumasangano, nemo (kwete muti wemuranjisi) sewandataura nezvawo mangwanani anhasi, asi taona nemuzambiringa, maremani, nemhando dzose dzezvimwe zvakanga zvisina kudaro zvachose kumavambo. Asi mushure... musaChipotsa Ichi. HeCho Chouya. Mushure mokupera kwamasangano, vakanga vasina zvachose Chiedza pakutanga kwazvo, kuchava nezva risingagoni kudanwa kuti masakati kana usiku.

Vari kuiteiko? Vari kuiteiko? Ko ma-maremani anobatei pamuti womuranjisi? Rinotora hupenyu chaihwo hweranjisi huri kukwidza nomuti uye rohushonyorora kubudikidza neremani. Ndizvo zvakaitwa namasangano kuShoko RaMwari, vakaita kuti Shoko RaMwari Rishaiwe simba rokubata nekuda kwetsika dzavo. I ZVANZI NAJEHOVHA. Vakaunza maremani, mazambiringa, kwete maranjisi.

53 Asi chiporofita chakati kudini? Mumwechete Akataura panzvimbo yatatora chidzidzo chemanheru ano, "Farai, O vakunda veJerusarema, danidzirai zvikuru, vakunda veZiyoni, nokuti Mambo wenyu Anouya kwamuri, mukuninipa uye mukuderera, Agere pamwana wembongoro," muzvicherechedze kuti muporofita mumwechete 'ye akati, "Ichauya nguva yokuibva." Zuva rinotumirwa panyika kuzoibvisa michero. Nemhaka yei rakanga risiri kuibvisa? Pakanga pasati pava nomuchero wokuibvisa. Asi Hupenyu Huri kufambira mberi.

54 Hwakauya nemumuzambiringa, kuti huve ranjisi, ndokuona kuti hwaitwa sangano; hwaiva muzambiringa. Ndokufamba 'zve, ndokubuda panguva iyoyo seremani. Ndokufamba 'zve, ndokubuda hwava chimwe chinhu. Uye pokupedzesera, pamusoro pomuti, hwakabuda hwava ranjisi risinga tapiri, rinova chidimbu cheranjisi, chimwe chidimbu cheremani; musanganiswa, chinhu chakashonyoroka; ndokubudira muchinhu chakashonyoroka, chairarama kubva pamuti umwechete; gwande, "zvaigona kuzonyengera vaSanangurwa." Rinoratidzika seranjisi, asi risiro.

"Asi kuchava neChiedza," kana uchinge wasamhuka kupfuurira masangano. Kana ukapfuurira kubuda musangano, unobukira 'zve, wova namaranjisi sezvawaiva pawakaenda muvhu, uye ipapo kuchava neChiedza.

Chiiko chinokwezva ichi; chiiko ichi chiri kuitika? Chichizadzisa Shoko RaMwari. Zviripo zvapupu zviriri muTestamendi Yakare, kutiizvi zvaizoitika.

55 Ngatitorei Johani 14 ndima 12, muTestamendi Itsva, Jesu Ndokuti, "Uyo anotenda maNdiri, mabasa Andinoita achaitawo"

Zvakare, muna Ruka 17 ndima 22 kusvika 30, Iye Akati. "Sezvazvaiva mumazuva aRoti, Sodhoma isati, yapiswa, ndizvo zvazvichava pakudzoka KwoMwanakomana womunhu, muzuva iroro richange richizarurwa Mwanakomana womunhu."

Oh, chingotarira maGwaro! "Mwanakomana womunhu," Jesu Kristu mumwechete zuro, nhasi, nokusingaperi, ndokusamhuka kupfuura nemumasangano, ndokukura kupinda pamusoro poMuti. Iye Akati kudini muna Johani 14, kana 15? "Davi roga-roga riri maNdiri, risingabereki muchero, richadimburwa uye kubazurirwa, rokandwa mumoto uye ropiswa. Asi davi roga-roga richabereka muchero, richanatswa."

56 Oh, kuchava nemvura yechokwadi yokudyarisa uye kukohwesa mumazuva okupedzesera ichanaya pamusoro pekaboka kaduku kanouya pamwechete Naye Ari pambongoro duku iyi, nokuderera uye kuninipa, vasiri ve... sangano, vachidanidzira, "Hosanna kuna Mambo Anouya MuZita RaShe!" Chiiko chiri kuitika nhasi? Chii chinokwezva pagomo?

57 Nguva pfupi yadarika, ndimire papuripeti ino, zvakanzi NaMweya Mutsvene, "Zuva richasvika rokuti kana vorovera hoko vachidzika nemberi kwemba yako; vachasudurutsa suwo. Saka, izvozvo, uchazvinyenyeredza, kuti usagumbuka." Ndakaona suwo rangu richiputswa uye rakaradzikwa kurutivi pachikomo. Ndakaona chikomombero kwangu, chagumurwa, zvivakiso uye nezvimwe zvakaradzikwa 'po pazvakanga zvatswanyiwa nechimwe chinhu. Iye Ndokuti... Ndakatarira, uye heuno Ricky muduku akanga auya ipapo uye awisa suwo, nokuita chinhu ichi. Ndakati, "Nemhaka yei usina kundiudza?" Iye ndokubva achenama, uye ndokumurova. Uye pazvakadaro, ndakati, "Handisati ndaita chinhu chakadai kubva zvandaiva wetsiva, asi ndinoda bedzi kuti uzive," uye ndokumukanda chimwechete. Uye pandakamuwisira

pasi, ndakamusimudza 'zve uye ndokumuwisa 'zve nokumurova. Ndakamusimudza, rutatu kana runa, ndokumukavira mhiri kwechikomo. Saka ipapo ndakaenda mhiri ikoko, uye ndokuti, "Hazvina kunaka izvo." Uye ndokumusimudza uye ndokukwazisa ruoko rwake, ini ndokuti, "Handina kukugumbukira, asi ndinogoda uzive bedzi kuti haugoni kutaura neni nenzira yakadaro." Uyewo ipapo pandakatendeuka uye ndokudzoka, Mweya Mutsvene Akange Amire pasuwo, Ndokuti, "Zvino nyenyeredza chinhu ichi. Panoroverwa hoko pasi ichidzika, enda kumavirira."

Bhuku Iyi, Ndiyo zvole zvandinoda,

Bhuku Iyi Ndiyo Mufambisirwo wezvinhu wakanaka, (Iyo nzira inoratidza kwakupota nako padambudziko rangu.) Ameni! Uyewo Bhuku Iyi Ndiyo Shoko RaMwari, uye Shoko Iri Ndiye Mwari. Nyenyeredza matambudziko ako, Rinokuudza zvokuita.

58 Makore matatu apfuura ndakanzwa shamwari yangu, savheya weguta, anogara zasi kwenzira pedo neni, achirovera hoko pasi. Ndakaenda kunze ikoko uye ndikati, "Ko zvadiiko, Mud?" Mwanakomana waVaKing, shamwari yangu pachangu.

Ndokuti, "Bill, vachatambanudza mugwagwa uno."

Mose munozvirangarira. Ndakati, "Zvichida rinenge riri zambuko." Ndakaudza Hama Wood, ndikati, "Chengetai yadhi yenyu. Zvichida zambuko richapfuura nepano, kana zvimwe." Nzira yakatsemurwa; zvitinha, mabwe, ndokupidigura zvole. Saka ivo vakati... Ndakati, "Chengetedzai yadhi yenyu."

Zvino pandakanga... VaKing vakandiudza zvaizoitika. Ndakapinda mumba, ndokuti kumudzimai wangu aiva agere apo, "Mudiwa, pane zvakanyorwa pamusoro pazvo. I ZVANZI NAJEHOVHA, pane imwe mzvimo."

59 Ndakapinda mukati uye ndokutora bhuku yangu, ndokutarira mairi, uye yaiti, "Zvichaitika kuti..." Makore masere mberi!

Pandakazvitarira, ndakati, "Yasvika nguva zvino, Mudiwa, tinofanira kunanga mavirira."

Mazuva maviri mushure mezvo, ndimire mumba panguva dzingava dzegumi mamwe mangwanani, ndakapinda MuMweya WaMwari. Ndakaona muunganidzwa muduku uya wenjiva dzichiburuka, ndokutarira shiri duku idzi. Munozvirangarira. Ndakaona Vatumwa vanomwe vari muchimiro chepiramidhi, dzichiuya nokumhanya kwandiri. Ndokuti, "Chinanga kumavirira, enda kuTucson, uchava uri mamaera makumi mana kuchamhembe kwakadziva kumabvazuva. Uye uchange uchibvisa tsine," kana kuti chinama, sokudaidza kwavo ikoko, "kubva pambatya dzako."

60 Hama Fred Sothmann, vagere apo vakanditarira ikozvino, vakanga varipo mangwanani iwayo. Ndakanga ndazvikanganwa.

Ndakati, "Kutinhira kwakadzutuka sekundengendeka kwenyika, kwakazunguza potse-potse zvole zvaiva muruwa urwu. Handioni chikonzero chokuti munhu angarama mushure mezvizi." Ndakabatwa nokutya. Ndakamira paPheonix, imi mose vakateerera manheru ano ndipupurirei. Ndakaparidza pamusoropemharidzo, Madzichangamire, Inguvai Ino? "Tambova papi?" Ndakaenda kumavirira. Vazhinji venyu pano munayo tepi iyi, vazhinji venyu makanzwa zvichitaurwa, gore kana kupfuura zvisati zvaitika izvi.

61 Ndakaenda kumavirira, ndichinetseka kuti chii chaizoitika. Rimwe zuva ndakadanwa Nashe. Ndakaudza mudzimai wangu, ndikati, "Mudiwa, ndino... zvichida basa rangu raguma." Ndakanga ndisingazivi. Ndakati, "Ndino...Mwari, Mwari zvichida Apedza neni zvino uye ndichange ndoenda Kumusha. Zvino iwe chienda urangane naBilly, ugotora vana. Mwari Achakugadzirira nzira, neimwe nzira. Enda mberi uye urarama zvakatendeka kuna Mwari. Ugoona kuti vana vapedza chikoro, uvarere mukuraira kwaMwari."

Mudzimai ndokuti, "Bill, iwe hau-hausati waziva kuti ichokwadi here."

Ndikati, "Kwete. Asi hakuna munhu anagararama mushure meizvi."

Mamwe mangwanani Ishe Akandimutsa, Akati, "Kwidza uko kuSabino Canyon." Ndakatora chimedu chebepa pamwe neBhaibheri rangu.

Mudzimai wangu ndokuti, "Urikuendepi?"

Ndakati, "Handizivi. Ndinokuudza kana ndadzoka."

62 Ndakakwidza kupinda mumakomo, ndokukwidza ikoko kwaiva nezvapungu zvaibururuka kwose-kwose. Ndaitarira zvangu dzimwe nhoro dzimire apo. Ndakapfugama kuti ndinamate, uye ndokusimudza maoko angu, uye Munondo ndokupinda muruoko rwangu. Ndakatarira kwose-kwose. Ndokufunga, "Chiiko ichi? Handina kurasika njere. Hewo Munondo iwoyo uri muruoko rwangu; uchipenya, nokuvaimira,

nokubwinya muzuva." Ndakati, "Zvino hakuna vanhu vangawanikwa kuno pedo kusiya kwamaera kubva pandiri, mumusoro kwazvo mumakomo aya. Ko chingadai chabvepi ichi?"

Ndakanzwa Inzwi, Rikati, "Ndiwo Munondo WaMambo." Ndakati, "Mambo anogadza munhu nemunondo."

Iye, Inzwi, Rakadzoka, Ndokuti, "Kwete munondo wamambo muduku, asi, 'Munondo WaMambo Mukuru,' Iro Shoko RaShe." Ndokuti, "Usatya hako. Kudhonza kweTatu bedzi. Ndiko kusimbiswa kweshumiro yako."

63 Ndaienda kunovhima neimwe shamwari, ndisina kuziva zvaizoitika. Uye mumwe munhu akandidana, uya akanga andishoropodza pamusoro pomufananidzo weMutumwa WaShe, uya akautora. Ndaifanira kuenda kuHouston nechikonzero chomwanakomana wake, nekuti akanga otongerwa rufu uye aizourawa mumazuva mashomanana. Uye akasangana neni imomo uye ndokundimbundira, akati, "Zvifungei, murume mumwechete wandakashoropodza auya kuzonunura mwanakomana wangu!" Boka rinoona nezve kugarisana kwakana kwavanhu rakandipa chavanoti chitupa cheOscar, kana kuti chezvipi hazvo zvamunochidaida, nokuda kwekununura hupenyu.

64 Zvino takabva tadzokera, ndakakwidza gomo kunovhima. Imomo, Hama Fred pamwe neni, mamwe mangwanani pandakafamba ndichibuda, nda-ndakanga ndawana kare nguruve yangu yomusangu, uye ndakanga ndatarira ndikaona nzvimbo yadzakanga dzaenda. Ndakati, "Hama Fred, muende mhiri kwegomo mangwanani-ngwanani zvino, mambakwedza, uye ini ndichaenda kune rumwe rutivi. Handizopfuri nguruve, handizoiurayi. Asi kana dzikamhanyira kurutivi urwu, danga radzo iri, ndichangopfura nechemberi kwadzo kudzitinha dzidzokere ikoko."

65 Hama Fred vakaenda kunze ikoko uye kwakanga kusina nguruve. Vakandisimudzira ruoko uye ndikazviona. Ndakadzika mugomo, mumipata mikuru, zuva rakanga richingotanga kubuda. Ndakauya nekurutivi rwumwe rwegomo, ndisina chandaifunga pamusoro pezviporofita. Ndokugara pasi, ndakamirira, ndichizororora; ndakafunga, "Zvakafamba sei nenguruve dziya?"

Ndakatora...Ndokugara pasi sezvinoita vechiIndian, munoziva, vakaturika gumbo pamusoro perimwe. Ndakatarira pagumbo rehovorosi yangu, uye paiva nechinama. Ndakachidzura. Uye ndikati, "Chishamiso ichi! Hezvo ndiri pano, pangaita mamaera makumi mana kuchamhembe kwakadziva kumabvazuva kweTucson. Uko ndiko kune mukomana wangu muduku Josefa akandimirira." Uye ndakatanga kutarira, ndokuona danga iroro renguruve richibuda pachinhambwe chingaita mayadhi chiuru kubva pandaiva, kumusoro mugomo, ndakakandira chinama change pasi. Ndikati, "Ndichadzibata. Ndichanotora Hama Fred, uye ndicharembedza kapepa kuitira kuti ndigoziva kwekunanga nako, pamuti uyu wemurenje, uye ndonotora Hama Fred."

Zvino ndakatanga kukwidza gomo, ndichimhanya nokukwanisa kwangu kwose ndiri kune rumwe rutivi. Ipapo-ipapo, ndakafunga kuti pane andipfura. Handisati ndambonzwa kutinhira kwakadaro; kwakazunguza ruwa rwose. Uye, pazvakadaro, mberi kwangu kwakanga kumire Vatumwa vanomwe mumuungano.

66 Ndakasangana neHama Fred uye nevamwe, kangufa kapfupi mushure mezvo. Vakati, "Changa chiri chiiko?" Ndikati, "Changa chiri chiya-chiya."

"Zvino muchaita zvokudii?"

"Kudzokera kumba. Nekuti, ZVANZI NAJEHOVHA, zvakavanzika zvinomwe zvanga zvakavanzwa muBhaibheri kwamakore ose awa, masangano ose awa uye nezvimwe zvose, Mwari Achatizarurira zvakavanzika izvozvo zvinomwe zviri muZvisimbiso Zvinomwe."

Pakava nedenderedzwa iroro raisimuka kubva pasi, richiita semhute inoungana. PaRakadaro, Rakakwidza mugomo, ndokutenderera Rakananga kumavirira, nenzira yaRakanga Rabva nayo. Sainzi yakazoRiona mushure mechinguva, mamaera makumi matatu kunda mudenga uye makumi maviri namashanu kupamhamha, saizvozvo chaizvo Riri denderedzwa repiramidhi.

67 Uye nerimwe zuva, ndimire ipapo, ndokutenderedza mufananidzo kuenda kurudyi, uye Heuno Jesu muchimiro chaAive nacho muMazera Manomwe eMakereke, Akapfeka nguwo chena, zvichiratidza HuSamasimba hwoHuMwari. Iye Ndiye Alpha naOmega; Ndiye Wokutanga uye Nokuguma; Ndiye mutongi Mukuru weZienda-nakuenda rose, Amire ipapo kutsigira Mharidzo yenguva ino. Uye kuchava neChiedza munguva dzamanheru! Zvinhu zvose izvi zvimbori zvei? Chaiva Chiiko?

68 Ndakaenda kumavirira. Pagomo rimwechete 'ro, ndichikwidza neikoko naBanks Wood, Akati, "Kana dombo mudenga. Uti kuna VaWood, 'ZVANZI NAJEHOVHA, muchaona Kubwinya KwaMwari.'"

Zuva rakatevera, ndimire ipapo, chamupupuri chakaburuka uye chikavhuvhuta makomo kwazvo. Mabwe achigura pamusoro pemiti, zvichida mafiti angava matatu kana mana pamusoro pemusoro wangu.

Ndokutinhira rutatu rwakakura, uye hama dzikayambukira dzichimhanya. Paiva navarume vangaita gumi navashanu ipapo, vaparidzi navamwe vose. "Chii ichi?" Iye ndokuti, "Chii ichi?"

Ndikati, "Kutongwa kurikurova Nharaunda dzeMavirira."

69 Angava mazuva maviri mushure mezvizvi, kundengendeka kwenyika kwakapotsa kwanyudza Alaska. Chiedza Ichi ndeChipiko pamusoro peGomo Sunset muCoronado Forest kuArizona? Chiiko Chinhu chinoshamisa Ichi Chakaitika kumusoro ikoko, zvekuti vanhu vari kutyaira kuenda kumabvazuva vachibva kumavirira, vachinhonga mabwe akamwararidzwa paChakarova? Uyewo rimwe nerimwe rawo, ibwe rogaroga, rina makona matatu pariri, akatsemurwa Nacho. (Zvitatatu Izvi NdeMumwechete) Aripo pamatafura, uye napamapepa anoera, munyika yose. Chiiko Chinhu Chinoshamiso Ichi pamusoro peGomo Sunset riri muCoronado Forest?

70 Junior Jackson akateerera ikozvino, munorangarira here hope dzaakarota uye ndikadudzira, "ndichienda ndakananga kunovira nezuva"? Uyewo izvi zvakaitika paGomo "reMavirazuva". Inguva yamanheru, nguva yekuvira kwezuya. Mharidzo yemavirazuva kuburikidza nokunyorwa kwenhorondo, kumisikidzwa kwechiporofita, ndinoda kudaro, chichizadziswa. Uyewo kuchava neChiedza munguva dzamanheru, pamusoro peGomo Sunset muCoronado Forest, mamaera makumi mana kuchamhembe kweTucson. Torai mepu uye mutarire kana Gomo Sunset riripo. Ndipo chaipo pazvakaitikira. Handina kuziva nezvazvo dakara nomumwe musi.

71 Chose chisinga... Chisingafi. Chinoramba chichiZvibhedhenura. Kubva mukuitika Kwacho, kundosvika mukuva mufananidzo waJesu Akamira Akatitarira; uyewo nemo-nemo paGomo Sunset, uye neChiedza Chamavirazuva. Chiedza chamanheru Chauya, Mwari AchiZvisimbisa Pachake. Chiiko Ichi? Inhaurwa dzinobatika kuti Mwari NaKristu Ndevamwechete. "Chichena," vangani vakachiona, nguwo chena mumusoro Wake, sokutaura kwedu muna Zvakazarurwa !? Maona, HuMwari HwaPamusoro-soro, Simba Rapamusoro-soro; hakuna rimwe inzwi, hakuna umwe mwari, hakuna kana nechipi zvacho! "MaAri munogara huzaro HwoHuMwari mumutumbi." Vatumwa Ava Pachavo Ndivo Vaiva nguwo Yake. Amen.

72 Chiiko chakaitika pamusoro peGomo Sunset? Mwari Achitsigira Shoko Rake. Ndizvo zvakaonzeresa ruzha rwose urwu. Mucherchedze, NdiMwari Ari kuzadzisa 'zve Shoko Rake Rakavimbiswa, RaZvakazarurwa 10 ndima 1 kusvika 7, "Uye mumazuva okurira kweMharidzo yomutumwa wechinomwe, chakavanzika chaMwari chichapedziswa." Chakavanzika chakavanzwa chaZvakazarurwa 10 ndima 1 kusvika 7, Mharidzo yokugumisira kuzera rekereke rokupedzesera. Chinozadziswa nemo-nemo, muzera rino, Ruka 17 ndima 30, "Zuva iro Mwanakomana womunhu Achazarururwa."

"Uye pachasimuka vaporofita venhema nanaKristu venhema, voratidza zviratidzo zvikuru nezvishamiso, mukuti zvaizonyengera vaSanangurwa dai zvaikwanisika." Vanhu vachiri mukupokana. Uye, semazuva ose, kereke ichiri kunetseka kuzvinzwisisa.

73 Uye sainzi, muTucson mose zvamo, varikunyorwa zvinyorwa uye vozviisa mubepa. Seri uko ku Mount Lemmon, zvitori zvemifananidzo zvikuru izvozvo hazvina kuChiona Chichisimuka kubva pataive timire; Chichienda Chakananga Mavirira, kuratidza kuti nguva yapera. Haichagoni kuramba ichienda mberi asi kachidimbu kaduku ipapo; zvava Nharaunda dzeMavirira. Kutonga kwakandorova ikoko chaiko kwaChakaenda nako. Ndokuenda zvichikwidza mhiri kuPhoenix uye zvipfuurira mhiri, kunobata Prescott uye nokuyambukira mumakomo eNharaunda dzeMavirira, ndokukwidza mberi kundopinda... Vakanga vachiendepe? Kumusoro ikoko kuAlaska, uye Raitinhira, Rakananga neikoko.

74 Uye vanoongorora navose vekuTucson vachine mibvunzo, tsvakurudzo dzesainzi dzichizama kuda kuziva kuti chaiva chii. Kumusoro-soro uko hakugoni kuva nemhute, hunyoro kana chimwe zvacho ikoko. "Chiiko chakaRiumba?Riripiko?" Varikushaya nzwisiso nekuda kweChaedza Chemweya Chakarembere kumusoro uko mumatenga sezvavakaita apo Vachenjeri vemabvazuva vakauya vachitevera Nyeredzi, vachiti, "Aripiko Iye Aberekwa Mambo wavaJudha?" Chaiva chii? Mwari Achizadzisa Shoko Rake, "Uye pachasimuka nyeredzi kubva muna Jakobho."

75 Uyewo Mwari WeDenga Akavimbisa kuti nguva yamanheru ichava neZviedza zvamaheru. Makore matatu adarika chakavanzika ichi chaiva chiporofita, "Inguva ipi ino, Changamire?" Asiyava nhoroondo ikozvino. Zvapfuura. Vimbiso yazadziswa. Inguva ipi ino, changamire, uye chii chinokwezva ichi? Mwari Achizadzisa Shoko Rake! Iye Ndiye mumwechete zuro, nhasi, nokusingaperi.

Ngatinamatei.

76 Mwari Anodikanwa, ndamisa vanhu kwenguva refu, zvinodarika zvandanga ndichida. Ndinonamata, Mwari, kuti chimwe chinhu chataurika kana kuitwa chinokonzera vanhu kwose-kwose kuti vanzwisise. Uye kuburikidza nokuona nokunzwisisa vagokwanisa kuzvitenda kuti Imi Ndimi Kristu Wechokwadi, uye MaShoko Ari kutsigirwa ndiyo tsigiro yokuti Shoko Rake Rakakwana uye Riri kuzadziswa mumwaka Waro.

Zvino, Ishe Jesu, kubva muMaShoko Enyu Pachenyu, Imi Mati nyika inenge iri muchinhanho cheSodhoma. Tinozviziva, tinogona kutarira pazviri. Uye Imi Makati, muzuva iri, "Sezvazvaiva

muSodhoma." Kwaiva nenhume nhatu dzakatumwa kuvaHedheni uye nokuvaHebheru. Uye imwe yadzo, Aiva Mwari Pachake, Mwanakomana womunhu, Akazvizarura Pachake Ari chimiro chomunhu uye Akaita munana, mukuti Akaudza Abrahamama zvaitwa naSarah aiva seri Kwake mutendhe.

Makati zvichadzokororwa 'zve kana nharaunda yose yavaHedheni yapinda muchinhanho chesodhoma. Uyewo tavapano, Ishe. Zvimwe zviporofita zvichitsigira chinhu chimwechete, chokutumirwa kwaEriya mumazuva okupedzesera, Mweya waEriya panyika, kudzora moyo yemadzibaba, kana kuti, "vana kudzoka kumadzibaba." Uye ndinonamata, Mwari, kuti panguva ino Imi Mutsigire Shoko Renyu, rokuti Muri mumwechete zuro, nhasi, nokusingaperi. Ngazviitwe, Baba. Ava vose ndeVenyu. Ndinonamata kuti Mugashidze maropafadzo ose awa uye Mutsigira zvataurwa, kuitira kuti Mwari Arumbidzwe. MuZita RaJesu Kristu. Amen.

77 Kutaura shoko, zvinotora munhu; kuritsigira, zvinotora Mwari. Kutaura chinhu, chimwe chitiko; Mwari kuzozviita Kwake, chava chimwe chitiko. Mwari HaAdi mududziri; Iye Anozvidudzirira Oga.

Zvino tiri kugadzirira kuva nomutsara wokunamatirwa, kuti tinamatire varwere, Mwari Achitendera. Uye tinoziva kuti hakuna kana mumwechete, hakuna murume, hakuna mudzimai, hakuna munhu, hakuna mutumwa, angagona kukupodza, nekuti Mwari Akatozviita kare. Akaita gadziro, chinhu choga chaunofanira kuita kugamuchira bedzi.

78 Hakuna munhu, hakuna mutumwa, kana chinhu zvacho, kunyangwe Mwari Pachake, angaregerera zvivi zvako. Zvakatoitwa kare. Jesu Akazviita izvi paMuchinjikwa. Asi hazvina zvazvingakupa, kana chimwe chinhu, kana kukubatsira nechimwe chinhu, kusvikira wazvigamuchira. Maona?

Chinhu choga chingaitwa, irairo bedzi dzakapiwa naMwari, kuti vatendi vaturike maoko pavarwere. Zvakagara mumazera ose akadarika ndizvo vakaita, kuburikidza norumutsiro. Uye vakazvidana kuti, "Mwari."

79 Abrahamama akaona zviratidzo zvishinji. Asi yakasvika nguva yekuti Abrahamama akaona chiratidzo chake chokupedzesera, Sodhoma yoda kupiswa, uye Aiva Mwari Iyeye Achizviratidza Ari muchimiro chemunhu. Munozvitenda? Jesu Akadaro here kuti zvaizodzokororwa?

80 Zvino, vangani muno...Uyewo nevari pawairesi, kana kuti panhare munyika yose, kana muchiri makateerera, gadzirirai zvino munamato, ivai muchinamata, uye imi mune micheka iyi iri pano. Zvino, handigoni kuudza Mwari zvokuita. Kwete, ngazvisafa zvakapinda mandiri kuzvizama. Iye Anozvitongera; Anoita zvaAnoda Iye. Ndinongogona bedzi kutaura zvaAnotaura.

81 Uyewo vamire vakapoterera zvidziro, vazere muno, makazarisa. Handizivi kana tikakumbira Mwari pamashoko anoti, "Chiiko Ichi Chinokwezva?" Dai Mwari Afamba 'zve pakati pedu(panogona kuva navatsva pano), uye Afamba pakati pedu uye Aratidza huzo Hwake hwakaropafadzwa pakati pedu, Aratidza Mweya wake pano, Aratidza kuti Ndiye mumwechete zuro, nhasi, nokusingaperi, kuitira kuti umwe noumwe wedu (mushure meMharidzo dzine simba mbiri idzi) agotenda kuti ndizvo? Mungaita saizvozvo here? Zvakanaka.

82 Pachinzvimbo chokudaidza mutsara wokunamatirwa, saka; muchipisa, makazarisa, timire takazembera madziro. Ndotarira nekuku, kuti ndidane mutsara wangu wokunamatirwa, haungazvikwanisi; tarirai, vamire uko. Ndingaudana here nekuku? Varwere, nhowo, nezvimwe zvose, zvizere; haungagoni kuzviita. Saka garai henyu pamuri, uye mutende munaMwari. Kana uine kadhi rokunamatirwa, ribate, zvichakunakira. Tichasvika kwauri kana uchida kuuya nomumutsara wokunamatirwa.

83 VaShepherd vaya, husiku hweSvondo yadairika, havana kumbopinda nomumutsara. Handi-handifungidziri kuti vaive nekadhi rokunamatirwa. VaShepherd varimuno here manheru ano? Varipi? Varipano here? Vari kumashure. Makanga muine kadhi rokunamatirwa here, VaShepherd? Makanga musina? Vakanga vasina. Vagere ipapo zvakare, manheru ano. Inzvimbo yakanaka kuva, Hama Shepherd.

84 Hazvisi zvokuti unofanira kuvemo, asi ingova noKutenda. Nekuti, rangarirai, mudzimai muduku akabata hanzu Yake uye Iye Akazvinzwa. Uyewo Iye Ndiye mumwechete zuro, nhasi, nokusingaperi. Uye tsamba kuvaHebheru, muTestamendi Itsva, yakati Iye Ndiye MuPrista Mukuru manheru ano Anokwaniasa "kubatikana nemanzwiwo ukurwadziwa kwedu." Munozvitenda here? Chivai nokutenda zvino! Musapokana naZvo. Zvitendei, uye zvichaitika. Unogona kuva ne-nezvaunokumbira, kana ukangoZvitenda. Asi unofanira kuZvitenda. Asi unofanira kuZvitenda. MungaZvitenda here mose? Vangani vachaZvitenda zvino?mwari Akuropafadzei.

Handina wandinoziva. Handina kana noumwechete wenyu wandinoziva. Harisi basa rangu kuziva nezvenyu. Ibaso RaMwari kuziva zvinhu izvi. Asi Iye Anozviita kana imimukaZvitenda. mungaZvitenda here ikozvino?

85 Zvino, Mwari Anodikanwa, zvechokwadi hatisi boka reMaKristu emusanganiswa, hatifaniri kuva takadaro, munhu anoda kugara achibhadzirwa kana kuitwa sekacheche. Imi HaMuna mhando yakadaro,

Ishe. Mune vatendi vakakwasharara. Hupo bedzi HwaMwari Hunotungidza moto mumoyo womunhu. SaAbrahamama, akatenda muna Mwari. MakaZvizivisa Imi Pachenyu kwaari, uye MukaZviratidza Pachenyu kwaari uye Mukaita chiratidzo, uye iye akaKutendai Imi. Makashandura mutumbi wake kuva mujaya, uyewo nomudzimai wake, aiva, mudzimai wake aiva chikamu chomutumbi wake. Ndokubva mwana mutsva auya. Mwanakomana akavimbiswa.

86 Mwari, Imi Makavimbisa kuti chichava chinhu chimwechete muzuva ranhasi. Ndinonamata kuti Mutsigire Shoko Iri. Uye tichabata pavimbiso iyoyi, kuti zvigova sezvazvaiva muSodhoma, Sodhoma payakanga yoda kupiswa uyewo kutonga kwoda kurova Sodhoma, nharaunda yavaHedheni. Saka kutonga kwavakuda kurova nharaunda yavaHedheni, uye vaJudha vasarirwa namakore matatu mechidimbu vachipinda nomunguva yoKutambudzwa Kwavakasara, kushungurudzika kwaJakobho, kuenderera mberi kwemasvondo makumi manomwe aDhanyeri. Asi, mazuva avaHedheni apera, yava nguva yokuenda. Uyewo Imi Makapa chiratidzo ichi, uye Imi Makati chichavako 'zve. Ngazviitwe Mwari. Vari, tiri mumaoko Enyu, Itai zvaMunoona zvakakodzera nesu. Tinozvikumbara muzita RaJesu Kristu. Ameni.

87 Zvino musatadza kugadzikana. Zvingazodiniko kana ini ndikatadza kugadzikana? Zvino, ndirikuita chinhu pano chinofanira kuzorora bedzi pakuZvitongera KwaMwari. Asi nemhaka yei ndichiita sokudaro? Iye Akati zvichava saizvozvo. Zvatopera. Uyewo kana Iye Akazviita saizvozvo Pachake, kutsigirwa saizvozvo mberri kwenyu, zvakanaka, hamungaMutendi here? Zvirokwasvo. Ingovai nokutenda zvino uye mutende. Regai nditarire kwose-kwose, ndione kungatungamirirwa NaMweya Mutsvene, zvaAnozoita Iye. Handizivi zvaAchaita, zviri kwaAri Iye. Asi imi mukava nokutenda bedzi, tenda chete, "Zvinhu zvose zvinogoneka kune avo vanotenda." Mose munozvitenda here, simudzai maoko enyu uye muti, "NdinoZvitenda." [Ungano inoti, "NdinoZvitenda."-Mupepeti.] Nomoyo wangu wose, NdinoZvitenda.

88 Zvino zvitatu inozova tsigiro yakakwana, kana Akazviita katatu kakatevedzana, kukuratidzai kuti Ichokwadi. Handina basa nokuti uripi, uri ani, ingova nokutenda uye utende. Zvino, musa-musafamba-famba.

Mudzimai, ari kunamata, handikuzivi. Gara hako pauri ipapo; haufaniri kuuya kuno. Handikuzivi, asi wakabata kasikana kaduku muruoko rwako, kana pamakumbo pako. Handizivani newe zvachose. Uye musikana muduku uyu anoratidzika kuva asina chinonetsa, anoratidzika kuva mutano. Musikana muduku akanaka, kasikana kebvudzi dzvuku. Ndakamutarira, haaratidzi kuremara kana chimwe chinhu. Handizivi dambudziko rake. Zvinogona kuve zvisiri zvomwana uyu; zvinogona kuva zvako. Asi zvaitika kuti ndakuona ugere ipapo nemwana uyu, uye uchinamata. Ndinofanira kutaura newe kweminiti, kuti ndibata mweya wako, sezvakaita Jesu Akati kumudzimai, "Ndipewo mvura yokunwa," waona, kuti Aone-Aone zviri munhu. Hama Bryant pamwechete nevagere apo, ndinoziva vanhu ava vagere apo. Vanogona vaine zvikumbiro, zvakare, asi iwe handikuzivi.

Unozvitenda here kuti ndiri muporofita waMwari? Unotenda here kuti zvinhu izvi zvawanzwa manheru ano Ichokwadi? Zvino, kana Mwari Akandizarurira chimwe chinhu chawakaita, kana chawaisafanira kuita, kana chakakanganisika newe, kana chikumbaro chako, uchazoziva kuti ichokwadi here kana kwete. Hauzodaro here? Uyewo kana Iye Akaita sokudaro, zvinozotsigira here Shoko Rake kuti Ndiye mumwechete zuro, nhasi, nokusingaperi, uye kuti Ruka 17 ndima 30 iri kuratidzwa? UnoZvitenda?

89 Zvino, mudzimai uyu asimudza ruoko rwake kuratidza kuti hatizivani. Handikuzivi, asi ndiri kuzama kubata mweya wako, munhu mumwechete. Pana vazhinji venyu kwazvo varikudhonza. Zvino, Zvitende Izvi nomoyo wako wose.

Zvino, ndezve musikana muduku uyu. Hazvisi zvako. Une kusagadzikana, asi haunetseki nokuvhunduka-vhunduka. Chinhu chikuru chiri mumoyo wako musikana muduku uyu. Uye unozvitenda here kuti Mwari Anogona kundiudza chanetsa? Unozvitenda here? Zvingakubatsira here, uye uzozvitenda? Kukuvara kwepfungwa. Ndizvo here? zvino isa ruoko rwako pamusoro pomusoro wemwana; ruoko rwako.

90 Mwari Anodikanwa, Imi Makati, "Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda. Vachaturika maoko avo pavarwere, uye vachapodzwa." Mudzimai uyu mutendi. Ruoko rwake rwuri pamusoro pomwana. Ngaapore. MuZita RaJesu Kristu, ndinonamata munamato uno. Ameni.

Zvino munotenda here, mose? Kana mukangoteda chete, zvose zvinogoneka. Zvirokwasvo!

Ndinoziva mudzimai agere pedo naye, asi akatarira kuno nokuperera kwose. Zita rake handirizivi, asi ndika... kana ndikamutarira kweminiti, ndinozoziva. Asi ndinoziva chiso chake, asi ndambudziko rako handirizivi. Unozvitenda here kuti ndiri... Mwari Achandizivisa kuti dambudziko rako nderei? Ungazo... Zvingazo kubatsira here? Shuga dhiyabitisi. Zvino, kana zvirizvo, simudza ruoko rwako. Zvirokwasvo!

Zvaitikawo kuti mudzimai arere...agere pedo newe, ane chinhu chimwechete. Handimuzivi. Mumwe mudzimai arikunamatira mumwe munhu, mwana akaremara. Iwe zvitende nomoyo wako wose, Mwari

anozviita.

91 Mumwe munhu seri kuno. Murume agere apo, arikuzama kusiya kuputa midzanga. Unotenda here kuti Mwari anoibvisa kwauri? Zvakanaka. Unotenda? Unogona kuva nazvo. Handisati ndamboona murume uyu muhupenyu hwangu.

Heuno murume uyu. Munoono zarima romumvuri wakaremba pamusoro pomurume aripapo avete pane chingaita senhowo, kana chigaro? Arikufa. Akadzikatirwa. Ane gomarara. Handimuzivi murume uyu, handisati ndambomuona. Mwari Anoziva zvose pamusoro pako. Ichokwadi ichi, changamire. Munotenda here kuti Mwari Anogona kundiudza chimwe chinhu pamusoro penyu? Zvingakubatsirai here kuti mugogamuchira kupodzwa kwenyu? [Hama inoti, "Hongu, ndinotenda."-Mupepeti] Makaunzwa pano neshamwari. Asi hamubvi munzvimbo ino, munobva kunzvimbo ine dziva guru remvura rinoraurwa navanhu. Ndizvo, Albany, Kentucky. Ndizvozvo chaizvo. Tendai, uye munogona kudzokera kumba, mapora. Tendai kuti kuti raenda. Kana muchiZvitenda! Munofanira kuZvitenda, uye mutende kuti mazviitirwa. Munotenda?

92 Imi, munobva ku Tennessee, mune mukomana ane chirwere chemumapapu. Haapo pano, asi munotenda here kuti anopodzwa? Chiendesai hangichepfu yenyu, mu... iri muruoko rwenyu, kwaari. Achapodzwa kana mukaZvitenda.

Mudzimai arikuchema, agere mhiri kubva pana Doctor Vayle apo. Akadzikatirwa nomumvuri, zvakare, zarima romumvuri. Handisati ndamboona mudzimai uyu muhupenyu hwangu, asi ane gomarara. Achafa kana akasaitirwa chimwe chinhu. Unozvitenda here kuti Achakupodza, mudzimai? Unokwanisa kudaro? Unogona kuva nokupodzwa kwako, kana ukangozvitenda.

Pane mudzimai muduku agere shure chaiko kwake akaisa hangichepfu pamuromo wake. Ane mudumbu mune maronda, arikurwara. Wanga uchiva nokungofenda, kusakwanisa, nokungodonha pasi. Pane akuunza pano. Une dambudziko rechidzimai. Kana ukatenda, unogona kuenda kumba, upore.

93 Iwe, murume wechidiki, handikuzivi; ugere mberi chaipo ppangu, wakanditarisa. Unobva kupi, kuPuerto Rico kana zvakadaro? Hongu, zvandanga ndichireva, zvandinoreva, handizivani newe. Unozviza; haubvi kwandinobva. Asi unotenda here kuti Mwari Anogona kukupa chishuvo chomoyo wako? Kana ndikakuudza zviri chishuvo chemoyo wako, unozvigamuchira here? Uri kutsvaga rubhabhatidzo RwaMweya Mutsvene. Ichokwadi. Gamuchira Mweya Mutsvene, hama yangu.

Heuno murume wechitema agere kuseri uko, ane mutoro mumoyo. Pamusoro pomudzimai wake. Haapo pano, ane dambudziko nemakumbo ake. Unozvitenda here kuti Iye Anomupodza? Unokwanisa kudaro? Hausi wemuno. Unobva mhiri kwegungwa. Unobva kuJamaica. Unotenda here kuti Mwari Anogona kundiudza kuti ndiwe ani? VaBrady. Unotenda here? Jesu Kristu Ndiye mumwechete zuro, nhasi, nokusingaperi.

94 Mudzimai agere kumashure kurutivi urwu, aripedo naMai Wright apo, ane mutoro mumoyo wake. Arikunamatira mwanasikana. Anofanira kundovhiyiwa. Unotenda here nemoyo wose, kuitira iye? Hazodi kuvhiyiwa kana ukaita kuti aZvitende. Handigoni kupodza.

Kumashure uko munzvimbo yokurezva vana, ndinoona Mweya WaShe, Mutumwa, Chiedza Chichifamba munzvimbo yokurezva vana. Chiri pamusoro pomudzimai mudiki, uye ane dambudziko repamweya raari kushushikana nro. Zvinoita sokuti ndinofanira kunge ndichimuziva, zvingangodaro, mudzimai wechidiki. Ane dambudziko rechidzimai. Hongu. Zita rake ndiAmai West, veku Alabama, Amai David West. Tendai; Mwari Achakuitirai.

95 "Kuchava neChiedza, uye muzuva iroro rinozarurwa Mwanakomana womunhu." Kana izvi Asiri Jesu Kristu mumwechete zuro, nhasi, nokusingaperi, handina chandingaziva zvino pamusoro paZvo. Munozvitenda here Izvi? Zvinhu zvose zvinogoneka kune vanotenda.

Kunze uko kunyika yose yakateerera pazvishambadzi, uye nevari mutabhenakeri muno, vangani venyu vangasimudza maoko uye vachiti, "Ndiri mutendi"? Zvino, imi muri kunze uko, munhu wose muno akasimudza maoko ake, kuno. Uye kure ikoko, mhiri kune imwe nzvimbo munyika yose, makasimudza maoko enyu, handipokani. Zvino vharai maziso enyu, ungoturika ruoko rwako pamusoro peari pedo newe. Bata ruoko rwavo. Rwuturike pamafudzi avo. Maoko angu ndaaisa pamahangichepfu. Tarirai zviri kuitwa nhasi! Tarirai zvirikuitwa ikozvino.

Vakatarira Huso Hwake Hunobwinya

Hunobwinya norudo RwaMwari;

Vakaropadzwa vadyi venyasha Dzake,

Kupenya sengoda mukorona Yake

Zvino namata. Ngatinamatei, kwese-kwese.

96 Mwari Anodikanwa, nguva yasvika. Izvi zvinorevei? Mwari Achizadzisa Shoko Rake! Chiiko chinokwezva, Ishe? NdiMwari Arikuzadzisa Shoko Rake. Chiiko icho munyika yose, kuburikidza nekushandiswa kwenhare, kuti mazana namazana avanhu vakaturikana maoko pamusoro munyika yose, kubva kune imwe nharaunda kundobata imwe, kubva kuChamhembe kundobata Maodzanyemba, Mabvazuva kundobata Mavirirra? Hapano pagere vanhu kubva kunyika dzokunze, nyika dzakawanda, Mexico, Canada, uye taturikana maoko pamusoro poumwe noumwe. Mwari Achizadzisa Shoko Rake!

Zvinogoneka sei kuti munhu angamira pano kuburikidza NaMweya Mutsvene uye odana munhu sezvaAkaita kuna Simoni Petro, "Zita rako ndiSimoni, uri mwanakomana waJona"?

"Enda unotora murume wako muuye pano."

"Handina murume."

"Chokwadi. Une vashanu."

Mudzimai ndokuti, "Ndinoziva kuti Mesiya Achauya kuzoita zvinhu izvi, asi Imi Ndimi Ani?"

Iye Ndokuti, "Ndini Iye."

97 Uyewo Imi Ndimi mumwechete zuro, nhasi, nokusingaperi. Uye Makavimbisa, "Mabasa Andinoita aya muchaitawo. Mazhinji kudara aya ndiwo amuchaita, nekuti Ini Ndinoenda kuna Baba." "Uye, tarira, mumazuva okupedzisira Ndichakutumirai Eriya, muporofita, uye achashandura mifungo yevanhu, kushandura moyo yevana kuti idzokere kuDzidziso yevapostora yeBhaibheri." "Uye kuchava neChiedza panguva dzamanheru."

Hezvo tiripano, Mwari Mukuru weDenga! Nguva yasvika! Maoko ari pamusoro pevanhu.

Satani, wakundwa. Uri munyepi. Uye, somuranda waMwari, uye savaranda, tinoraira MuZita RaJesu Kristu, kuti uteerere Shoko RaMwari, uye ubude kubva muvanhu, nekuti zvakanorwa, "MuZita Rangu vachadzinga madhimoni."

Uye vanhu vose vagosunungurwa. Ngazviitwe, Mwari Anodikanwa. Ndimi Mwari WeDenga Akakunda, nezuva riya Muchishandisa chinokwezva paGomo Karuvhari, hurwere hwose uye noutenda uye mabasa ose ewakaipa. Muri Mwari. Uyewo vanhu vakapodzwa namavanga Enyu. Vasunungurwa. MuZita RaJesu Kristu. Amen.

98 Mwari, hangichepfu yoga-yoga iri pano, Mweya WaMwari Achiripano kudai, Chizoro ChaJesu Kristu Chichiri pavanhu kudai, uye zviratidzo zvikuru zvaAkavimbisa zvichizadziswa, uye nyika ichibvunda, kundengendeka kwenyika kuchitika, zviratidzo zvikuru zvaAkareva, uye Gwaro richizadziswa, uye Chiedza Chamanheru Chichipenya. Ndinotambanudza mutumbi wangu pahangichepfu idzi, ndakamirirra mutumbi wose wavatendi kubva kuMabvazuva, Mavirira, Chamhembe, uye Maodzanyemba; uye ndichiti kuna dhiyabheri, "MuZita RaJesu Kristu, siya murwere wega-wega achadziturikwa," kuitira remekedzo nembiri zvipiwe kuShoko RaMwari. MuZita ReShoko RaMwari, Jesu Kristu weNazareta. Amen.

99 Zvino, chinyararire, mukudzikama kwepfungwa, mukuzvidzora, uye mukukwana kwepfungwa dzenyu, savatendi, munotemda here zvino uye nokugamuchira kupodzwa kubva kuna Mwari Samasimba, MuZita RaJesu Kristu? Kana muchidaro, simudzai maoko enyu. Mose muri kunze uko, simudzai maoko enyu kunze ikoko. Munhu wose muno, chihambwe chandinokwanisa kuona, akasimudza maoko; mukati muno, kunze, vamire vakatsamira mahwindo, vari mumasuwo, vari mokurezvera vana, uye kwose-kwose, vanhu avakasimudza maoko. VanoZvigamuchira. Satani akundwa! Mavanga aJesu Kristu akupodzai, uye Hupo HwaJesu Kristu Hwatsigira nyaya yokuti Iye Anorarama nhasi, Ainako kukwanisa kwose kwokuchengeta vimbiso yose zvayo yaAkapa. Amen! NdinoMutenda. Hamudaro 'wo here? [Ungano inoti, "Ameni."-Mupepeti.]

100 Zvino ngatisimukei. MuZita RaJesu tichigamuchira zvose zvaitwa kana kutaurwa, tinoMuda nemoyo yedu yose. TinoMuyemura kwazvo nazvose zviru matiri. Zvino pamava kuenda kudzimba kwenyu kwakasiyana-siyana manheru ano, Mwari Aende nemi. Mwari Akupei Mweya Mutsvene kana musina Mweya Mutsvene.

101 Murume woga-woga, mudzimai, mukomana, kana musikana, aripano, asati abhabhatidzwa MuZita RaJesu Kristu, mbatya dziripo, nemvura. Usaiza zvinhu mune ramangwana zvinogona kuitwa nhasi. Zvichida mangwana onogona wanonokesa. "Zuva roga-roga, zuva roga-roga, rine zvakaipa zvaro zvakarikwanira." Pane vashumiri vakamira, vakamirira, mbatya dzakamirira. Hakuna zvikonzero. Makamirira here? Kana makadaro, imi munotenda. Zvisinei nokuti wakabhabhatidzwa sei, ukasaswa, ukadirwa, chipi nechipi zvacho, handizvo. Chiedza Chauya. Huya, utende, uye ubhabhatidzwe.

Wose asina Mweya Mutsvene, ungagamuchira here Mweya Mutsvene, umwe noumwe wenyu,

muuzaro hwakakwana hwesimba RaMwari uye rudo rwaAkakuvimbisai, kuti Akuite chisikwa chitsva maAri. Mwari akuropafadzei.

102 Zvino, dakara mangwanani eSvondo inotevera nenguva dzepfumbamwe nechidimbu, ngatiimbei karwiyo kaya kataisiimba makore apfuura:

Musakangangwe munamato wemhuri,

Jesu anoda kusangana newe ipapo;

Iye achatakura mitoro yako yose,

Musakanganwe munamato wemhuri.

Ngatirwuimbei pamwechete zvino.

Musakangangwe munamato wemhuri,

Jesu anoda kusangana newe ipapo;

Iye achatakura mitoro yako yose,

O, Musakanganwe munamato wemhuri.

Zvino tichirwuimba 'zve, kwazisana nomufambi aripedo newe, tichirwuimba.

Musakangangwe munamato wemhuri,

Jesu anoda kusangana newe ipapo;

Iye achatakura mitoro yako yose,

O, Musakanganwe munamato wemhuri.

103 HamuMudi here? Ini ndinoMuda. NdinoMuda nokuti Iye akatanga kundida uye ndokutenga ruponeso rwangu (ndicho chaikwezva meso) pa Gomo reKarivhari. Iko kukwezva meso kumwe chete paGomo reSunset, Gomo reNebho, Gomo reSinai, makomo ose akasiyana ezviitiko zvepamusoro pegomo. Zvino, zvose zvakanaka, ngatichiimbei zvino.

Ndinomuda, Ndinomuda

Nokuti Iye Akatanga kundida

Uye ndokute-...ruponeso

Pamuti weKarivhari.

Vose vanoMuda, itai kuti, "Ameni." [Vungano inoti, "Amen."-Mupepeti.] Ngazvive saizvozvo! Zvino chingofunga pamusoro pezvaAkakuitira; pafunge, kuti ungadai uri mubhawa manheru ano. Ungadai pamwe uri muguva seniwo ndingadai ndirimowo, dai pasina tsitsi dzaMwari. Chii chaAkakuitira? O, tingatadze sei kuMuda? Hazvina mutsauko zvingataurwe naani zvake, Iye Ndiye wokutanga.

104 Ngativharei maziso edu, uye ngatikotamisei misoro yedu patiri kuchiimba kwaAri zvino. Iye anoda nziyo, kuimbwa kwenziyo. Ngatichiimbei kwaAri zvino.

NdinoMuda, ndinoMuda

Nokuti Iye akatanga kundida

Uye ndokutenga ruponeso rwangu

Pamuti weKarivhari.

Misoro yedu uye moyo yedu yakakotamiswa muHupo Kwake, tiine kuvonga kukuru nekuda kwezvaonekwa namaziso edu, nezvanzwikwa nenzeve dzedu, zvakanyorwa MuShoko RaMwari, zvanga zviri vimbiso Yake nhasi kwatiri. Mwari Akuropafadzei.

105 Tine mu-muenzi nhasi pakati pedu manheru ano, hama, Ned Iverson, vakambenge vari mushumiri wePresbyterian. Baba vavo, vakoma vavo, mushumiri vePresbyterian. Ivo, ndinonzwisisa kudaro, vabhabhatidzwa nhasi, zvakare, MuZita RaJesu Kristu. Mushumiri, uye anozviona. Uye ndichavakumbira, sokuvatenda kwandinoita kuti varanda WaMwari, vakumbire ropafadzo dzaMwari dzidururwe pamusoro peungano ino muchienda henyu kumba.

Hama Iverson, huya mberi, takakotamisa misoro yedu mumunamato. Mwari Akuropafadzei, hama

yangu.



www.messagehub.info

Mharidzo Na
William Marrion Branham
"... mumazuva eShoko ..." Zvak. 10:7